# Данил бегъымбарыр

# Руфэ

ТхыгъэЛъапІэр зэдзэкІынымкІэ Институтыр
Мэзкуу, 2018

# Данил бегъымбарыр

# Руфэ

АдыгэбзэкIэ зэзыдзэкIар
Жэмыхъуэ Фаризэтщ

Сурэт теплъэгъуэхэр зейм и арэзыныгъэхэлъущ
зэрыдгъэпсэуалъэр:
Horace Knowles© The British and Foreign Bible Society 1954, 1967, 1972
Loise Bass© Foreign Bible Society 1994

Ф1ыц1агъэ Лъап1эм щыщу Адыгэбзэк1эзэра
тхылъхэм я е-жыпхъэхэмрэаудиощапхъэхэм
фэ къыщывгъуэтыфынущФ1ыц1агъэ Лъап1э
зэдзэк1ынымк1эИнститутым и сайтым
http://ibtrussia.org/en/media?id=KBD

ISBN 978-5-93943-256-6
© Институт перевода Библии, 2018

# Ныбжьэгъу лъапIэ!

Мы къыдэкIыгъуэм щызэхуэхьэсащ Тхыгъэ ЛъапIэм щыщ тхылъитI. Тхыгъэ ЛъапIэр – Библиер – дуней псом нэхъ пщIэ зыщыхуащI икIи щадж тхылъхэм ящыщщ. Абы къыхэкIкIэ, дэтхэнэ цIыхуми, ар къызыхэкIа лъэпкъми, и динми, щыпсэу щIыпIэми емылъытауэ, и бзэкIэ а тхылъым еджэну Iэмал игъуэтын хуейщ. Iэджэ щIауэ цIыхухэр зыгъэпIейтейуэ къекIуэкI упщIэхэм жэуап ярет Тхыгъэ ЛъапIэм: дэнэ дыкъыздикIар, сыт дыщIэпсэур, сыт апхуэдиз мыгъуагъэ дунейм щIытетыр, цIыхур лIэмэ, къыщIэлъыр сыт?

Тхыгъэ ЛъапIэр Тхьэм и Псалъэу я фIэщ мэхъу Хьисэ и Iумэтым итхэм, ауэ ар зыхуэгъэзар абыхэм я закъуэу зи гугъэхэр хуабжьу щоуэ. Муслъымэнхэми Тхыгъэ ЛъапIэм щыщ Iыхьэ куэдым лъытэныгъэшхуэ хуащI – ахэр КъурIэным зи гугъу ищI бегъымбархэм ятепсэлъыхь тхылъхэрщ. ЗэуIу тщIа тхылъитIым я зыр Данил бегъымбарым теухуащ, адрейр – Даут бегъымбарым и адэжьхэм.

ТхылъитIми хэзыгъэгъуазэ Iыхьэ яIэщ. Абыхэм къыщыбощIэ тхылъхэр зытеухуар, уи нэгу къыщIагъэхьэ а псор къыщыхъуа зэманыр, щIыпIэр, къаIуатэ Iуэхугъуэхэр щекIуэкIа хэкухэм а зэман жыжьэм я щытыкIар.

«Руфэ и хъыбарыр» адыгэбзэкIэ япэу къыщыдэкIар 2009 гъэрщ. «Данил бегъымбарым и тхылъыр» адыгэбзэкIэ иджыщ япэу дунейм къыщытехьэр.

Тхыгъэ лъапIэм щыщ Iыхьэхэр адыгэхэм я анэдэлъхубзэкIэ ябгъэдэтлъхьэныр ди гуапэщ. Мы тхылъыр къыдэкIыным елэжьахэм: зэдзэкIакIуэм, щIэныгъэлIхэм, чэнджэщакIуэхэм фIыщIэ ин яхудощI.

*Тхыгъэ ЛъапIэр зэдзэкIынымкIэ Институтыр*

# Данил бегъымбарым и тхылъ

## Хэзыгъэгъуазэ

*Мы тхылъым къиIуэтэж Iуэхугъуэхэр зытеухуар ди лъэхъэнэр къихьэным ипэ 605 гъ. Бабылей хэкум гъэру яшахэм яхэтауэ щыта журт щIалэ ахъырзэман ДанилкIэ зэджэм и гъащIэмрэ къэхъункъэщIэну Тхьэм абы къыхузэIуихауэ щытахэмрэщ. Данил, зэхэщIыкIрэ IущыгъэкIэ Тхьэр куэду къыхуэупсати, абы и фIыгъэкIэ бабылей пащтыхьым и деж увыпIэшхуэ щиIыгъауэ щыташ икIи, Къэжэр пащтыхьыгъуэм Бабылейр къизэуа нэужьи, и увыпIэр фIэмыкIуэду, щIыхьышхуэ иIэу пащтыхь бжаблэм дэташ, и ныбжьыр хэкIуэтэху.*

*Данил и зэманым Бабылей пащтыхьыгъуэр псом ялейуэ лъэщ дыдэу щыташ. Иджырей Иракым и къуэкIыпIэ лъэныкъуэмкIэ къыщежьэу Мысырым и гъунапкъэхэм нэсыху зиубгъуауэ, абы лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэ куэд лъэгущIэт ищIат. ЗауэхуэIэзэу зэрыщытам имызакъуэу, Бабылейр сыт и лъэныкъуэкIи икъукIэ къулейт: щэнхабзэ хьэлэмэти гъуазджэ телъыджи иIэу; еджэныгъэми, щIэныгъэми, IэщIагъэми хуабжьу зыщауужьауэ. Хэкубзэу абы щызекIуар арамеибзэрщ икIи бабылей пщIантIэм къыщыхъуахэм теухуа Тхылъым и япэ Iыхьэхэр зэратхауэ щытар а бзэмкIэщ.*

*Мажусий диныр здытепщэ хамэщIым Данилрэ и ныбжьэгъуищымрэ я псэукIам и хъыбархэр Тхылъым и япэ Iыхьэхэм (1-6) къаIуэтэж. Хэдэн хуейуэ ахэр гъащIэм ирихулIэу зэрыщытар: я щхьэр яхъумэжын папщIэ мажусий хабзэхэм зыдрагъэкIуну, хьэмэрэ Тхьэ пэжым емыпцIыжын щхьэкIэ псэзэпылъхьэпIэм иувэну. Тхьэм и лъэпкъыр гъэунэхуныгъэм щита а зэман бзаджэм дэIэпыкъуэгъуншэу къызэримыгъэнари, хэкIыпIэншэу кIуэдыпIэ щихуэми, кърригъэлу, къыхуэпэжу къызэрыщхьэщытари а Iыхьэхэм къыхощыр.*

*Тхьэр зыгъэлъапIэ щапхъэхэу мыбы узыщрихьэлIэхэр, псом хуэмыдэу Данил бегъымбарым пэжагъыу хэлъар, илъэс минитIым щIигъуауэ фIым щIэбэнхэм, пэжым и телъхьэхэм щIэгъэкъуэн яхуохъу, ем пэщIэтынымкIэ, гъуэгу захуэм тетынымкIэ. Тхьэр бгъэпэжыныр, фIым ухущIэкъуныр зэи шынагъуэншэу щытакъым. Ауэ, Данил бегъымбарым къигъэна лъэужь дахэр, зы лIэщIыгъуэм къикIыурэ адрей лIэщIыгъуэм нэсу, щыхьэт тохъуэ Тхьэм уедэIуэным, Абы уи дзыхь ебгъэзыным и фIагъым.*

*АрщхьэкIэ журтхэр Бабылейм зэрыщыпсэуам и хъыбархэм и закъуэкъым мы тхыгъэр зытеухуар. Тхылъым и ныкъуэм (7-12 Iыхьэхэм) Тхьэм Данил къыхуригъэха псалъэхэр, къэхъункъэщIэну кърригъэлъэгъуа телъыджэхэр къаIуэтэж. Тхьэм и ПащтыхьыгъуэмпэщIэувэну тепщэныгъэ псори зэрыкIуэдыжынур абыхэм къыжаIэр икIи а Пащтыхьыгъуэм зэрызиужьыну щIыкIэр уагъэлъагъу, дунейпсо тхыдэм и къекIуэкIыкIэнум упхрагъэплъыурэ. Ауэ ахэр хъуэрыбзэкIэ тхауэ щытщ, а зэманым щыIа дин тхыбзэм-уазыбзэм тету дамыгъэхэр хэзу. Аращи, а Iуэхугъуэхэр зэпхьэлIэнур дунейм къыщыхъуа хъугъуэщIагъэ дэтхэнэрами зэхэгъэкIыгъуейщ, мыр зэпхар блэкIа Iуэху хьэмэрэ къэкIуэнура жыуигъэIэу. Абы щыхьэт тохъуэ иужьрей илъэс минитIым и кIыхьагъкIэ дин щIэныгъэлIхэм мы Iуэхум еплъыкIэ зэхуэмыдэхэр зэрыхуаIэр.*

*Дауэ мыхъуми, Тхылъым и купщIэ нэхъыщхьэр Данилрэ и ныбжьэгъухэмрэ ягъэлъапIэ Тхьэм и тепщэныгъэрауэ зэрыщытымкIэ псори зэакъылэгъущ. А Тхьэращ дуней псом я Тепщэ пэжыр, Ар къэкIуэнум щыгъуазэщ, блэкIар зэрищIэм хуэдэ къабзэу. Абы и тепщэныгъэ мыкIуэдыжынур зылъэмыIэсын мы дунейм зыри къытенэнукъым.*

### *Данил сымэ бабылей пщIантIэм*

**1** [1] Ехьукъим[a] пащтыхьыр Ехьудейм зэрытетрэ илъэс
ещанэр екIуэкIыу, Бабылейм[b] и пащтыхь Нэбыхъу-
нэщыр[c] Ерусалим къекIуалIэри къитIысыхьащ. [2] Тхьэуэ
Зиусхьэным и IэмыркIэ, Ехьудейм и пащтыхь Ехьукъим
Нэбыхъунэщыр и IэмыщIэ ихуащ, Тхьэм и Унэм щIэт
хьэкъущыкъу лъапIэхэм щыщи IэщIыхьащ. А хьэкъу-
щыкъу лъапIэхэр абы Бабылей[d] щIыналъэм ишэри и
тхьэм и унэм щIэт хъугъуэфIыгъуалъэм ирилъхьащ.
[3] Пащтыхьым и блыгущIэтхэм я нэхъыщхьэу щыт
Iэшпеназ унафэ хуищIащ исрэIил лъэпкъым ныб-
жьыщIэ зыбжанэ къыхишыну: пащтыхь унагъуэрэ
лIакъуэлIэшхэмрэ къахэкIахэу, [4] зи Iэпкълъэпкъыр

---

[a] **1:1** *Ехьукъим* – Ехьукъим Ехьудей хэкур и IэмыщIэ илъащ ди лъэхъэнэр къимыхьэ щIыкIэ 609 гъэм щыщIэдзауэ 598 гъэм нэсыху.

[b] **1:1** *Бабылейм* – Вавилон. «Бабылей» псалъэм «Бабылейм и къалащхьэ» е «Бабылей хэкур зэрыщыту» жиIэу къикIынкIи мэхъу.

[c] **1:1** *Нэбыхъунэщыр* – Ди лъэхъэнэр къихьэным ипэ 605 гъэм щегъэжьауэ 562 гъэм нэс Бабылей пащтыхьыгъуэр зи IэмыщIэ илъа Навуходоносор ЕтIуанэрщ.

[d] **1:2** *Бабылей* – ЖуртыбзэкIэ: «Шинар».

дертыншэрэ фафIэхэу, сыт хуэдэ еджэныгъэми хуэгурыхуэрэ щIэныгъэ зыбгъэдэлъхэу, зэхэщIыкI зиIэхэу. А щIалэхэу, сэрей пщIантIэм паштыхьым щыхуэлэжьэфын хуэдэхэм, бабылеибзэ ирагъащIэн хуейт, бабылей[a] тхылъхэми щIагъэджыкIын хуейт.
5 Паштыхьым унафэ
ищIащ махуэ къэс езым и Iэнэм къытекI ерыскъыгъуэхэмрэ езыр зэфэ санэм хуэдэрэ абыхэм иратыну. Илъэсищк Iэ ахэр ирагъэджа нэужь, паштыхьым хуэлэжьэн щIадзэн хуейт.

6 Абыхэм яхэтт ныбжьыщIэ зыбжанэ Ехьудэ и лIакъуэм щыщхэу: Данил, Хьэнан, МышрэIил, Уэзий сымэ.
7 Паштыхьым и блыгущIэтхэм я нэхъыщхьэм абыхэм я цIэр ихъуэжащ: Данил – Бэлътэщэр фIищащ, Хьэнан – Шэдрахь, МышрэIил – Мешэхь, Уэзий – Iэвед-Нэгу.

8 АрщхьэкIэ Данил, паштыхь Iэнэм къытекI шхыныгъуэхэмкIи паштыхьыр зэфэ санэм хуэдэмкIи зимыуфIеину игу ирилъхьэри, паштыхьым и блыгущIэтхэм я нэхъыщхьэм елъэIуащ, абыхэмкIэ зимыуфIеину хуит къищIыну.
9 Тхьэм и IэмыркIэ ар Данил нэфIкIэ къеплъащ,
10 ауэ и лъэIур къыхуищIэфакъым: «Фшхынми фызэфэнми унафэ тезыщIыхьа си зиусхьэн паштыхьым сыщошынэ. Фэ фи ныбжь адрей щIалэхэм нэхърэ фынэхъ фагъуэу абы гу къыфлъитэмэ, итIанэ фэр щхьэкIэ си щхьэр фIихынущ», – жиIэри.

11 Апхуэдэу щыхъум, Данил елъэIуащ паштыхьым и блыгущIэтхэм я нэхъыщхьэм Данили, Хьэнани, МышрэIили, Уэзии къахуигъэувa кIэлъыплъакIуэм:
12 «КхъыIэ, уи пщылIхэр махуипщIкIэ дыгъэунэху хадэхэкIрэ дызэфэну псырэ фIэкIа нэгъуэщI зыри тшхыну къыдумыту, – жиIэри.
13 – ИтIанэ ди теплъэмрэ

[a] 1:4 *бабылеибзэ...бабылей* – ЖуртыбзэкIэ: «халдеибзэ», «халдей». Халдейхэр Бабылей хэкум и ипщэ лъэныкъуэм щыпсэуа лъэпкъщ, Нэбыхъунэщыр и унагъуэр зыщыщар арщ. Ауэ Тхыгъэ ЛъапIэм куэдрэ апхуэдэ фIэщыгъэцIэкIэ Бабылей хэкум щыпсэуа лъэпкъ псоми я гугъу ещI.

пащтыхьым и шыгъупIастэр зыIухуэхэм я теплъэмрэ
зэгъапщи, уи пщылIхэм адэкIэ сыт къыдэпщIэнуми уэ
езыр узэреплъыжщ».
14 КIэлъыплъакIуэр арэзы хъури махуипщIкIэ ахэр
игъэунэхуащ.
15 МахуипщIыр дэкIа нэужь, абыхэм нэхъ узыншафи
нэхъ фэфIи ятетт пащтыхьым и шыгъупIастэр зыIухуэхэм
нэхърэ. 16 Апхуэдэу щыхъум, кIэлъыплъакIуэм щIалэхэм
хэплъыхьауэ къыхуашэ шхыныгъуэхэмрэ санэмрэ я пIэ-
кIэ хадэхэкIхэр къаритурэ екIуэкIащ.
17 Тхьэм а ныбжьыщIиплIым сыт хуэдэ щIэныгъэри
къагурыIуэфу зэхэщIыкIыныгъэшхуэ къаритащ. Къищы-
нэмыщIауэ, Данил, пщIыхьэпIэхэри сыт хуэдэ къэлъа-
гъуэныгъэхэри зэхихуфу, зэчиишхуэ къыбгъэдилъхьащ.
18 Пащтыхьым игъэува пIалъэр дэкIа нэужь, и блы-
гущIэтхэм я нэхъыщхьэм щIалэхэр абы и пащхьэ ири-
шащ. 19 Пащтыхьыр абыхэм епсэлъылIэри, Данил, Хьэ-
нан, МышрэIил, Уэзий сымэ хуигъэдэн ирагъэджа
гупым хэмыту къилъытащ. Апхуэдэу а плIым пащты-
хьым хуэлэжьэн щIадзащ. 20 Iущыгъэрэ зэхэщIыкIы-
ныгъэрэ хуэныкъуэу сыт хуэдэ IуэхукIэ пащтыхьыр
абыхэм еупщIми, и пащтыхьыгъуэ псом щыIэ Iэзэгъуа-
зэхэмрэ мэгъухэмрэ нэхърэ ахэр пщIыкIэ зэрынэхъы-
фIыр илъагъурт.



[21] Данил абы щыIащ, тетыгъуэр Кир пащтыхьым къыщыIэщIыхьа гъэм нэсыхукIэ[a].

*Нэбыхъунэщыр и пщIыхьэпIэр*

2 [1] Тахътэм зэрыдэкIуейрэ илъэс етIуанэр екIуэкIыу, Нэ-
быхъунэщыр пащтыхьым пщIыхьэпIэхэр илъагъури,
абы и псэр игъэгузавэу и напIэр зэхуимыхьыжыф хъуат.
[2] Пащтыхьым унафэ ищIащ Iэзэгъуазэхэри, нэщыпхъуэ-
хэри, удхэри, мэгъухэри къыхураджэну, илъэгъуа пщIы-
хьэпIэхэр зищIысыр къыжраIэн щхьэкIэ. Ахэр къакIуэу
и пащхьэ къиува нэужь, [3] пащтыхьым абыхэм яжриIащ:
«ПщIыхьэпIэ слъэгъуащи, сегъэгузавэ, ар зищIысыр
сщIэну сыхуейщ».
[4] Мэгъухэм пащтыхьым жэуап кърατыжащ: [адэкIэ
Iэрытхыр арамеибзэкIэщ къызэрыкIуэр][b] «Зи щIыхьыр
ин ди пащтыхь! УзэпщIыхьар уи пщылIхэм къытхуэIуа-
ти, къикIыр бжетIэнщ».
[5] Пащтыхьым мэгъухэм яжриIащ: «Арамэ, си мурадыр
зэвгъащIэ: пщIыхьэпIэу слъэгъуамрэ абы къикIымрэ
къызжевмыIэмэ, цIыкIу-цIыкIуу фезгъэупщIэтэнущ,
фи унэхэри и лъабжьэм нэс зэтрезгъэкъутэнущ. [6] Ауэ
сызэпщIыхьар къысхуэфIуатэрэ къикIри къызжефIэмэ,
тыгъэхэри саугъэтхэри фэстынущ, пщIэшхуи фэзгъэ-

[a] 1:21 Къэжэр пащтыхь Кир ЕтIуанэм Бабылейр къизэуащ ди лъэхъэнэр къихьэным ипэ 539 гъэм.

[b] 2:4 Мыбдежым щыщIэдзауэ 7-нэ Iыхьэм и кIэухым нэсыху пасэрей тхыгъэр журтыбзэкъым зэрытхар, атIэ арамеибзэщ.

гъуэтынущ. Аращи, си пщIыхьэпIэр зыхуэдэри къикIри
къызжефIэ».
7 Мэгъухэм аргуэру: «Уи пщылIхэм уи пщIыхьыр къыт-
хуэпIуэтатэмэ, къикIыр зэхэдгъэкIынт», – жаIащ.
8-9 «СощIэр сэ зи ужь фитыр! – япидзыжащ пащты-
хьым. – Зифлъэфыхьыурэ зэман къызэрыдэвгъэхуэным
фещэу аращ! „СызэпщIыхьар къысхуэвмыIуатэмэ, псоми
мыгъуэр фи махуэщ“ вжесIащи. Си псалъэр зэрыбыдэр
фощIэри, сыкъэвгъэпцIэну фызэгурыIуауэ, жыфIэр
пцIы зэфэзэщщ. Iуэхум зихъуэжыным фыщогугъ. АтIэ,
си пщIыхьэпIэр зыхуэдэр къысхуэфIуати, сщIэнщ абы
къикIри къызэрызжефIэфынур».
10 Мэгъухэм пащтыхьым жэуап къратыжащ: «Узы-
хуейр зыхуэщIэн цIыху дунейм теткъым! Зы пащты-
хьи, дапхуэдизу ар щэджащэу щымытами, зэи зы уди,
зы Iэзэгъуази, зы мэгъуи апхуэдэ къалэн ящищIакъым.
11 Узыхуейр икъукIэ гугъущ. Зыми а щэхур уэ къыпху-
зэIуихыфынукъым тхьэхэм фIэкIа, ауэ ахэр цIыхухэм я
гъусэу псэуркъым».
12 Абыхэм жаIам апхуэдизу пащтыхьыр къигъэгубжьат,
и пIэм къришати, Бабылейм усэрэжу ис псори яукIыну
унафэ ищIащ. 13 Усэрэжхэм тращIыхьа унафэр къыдэ-
кIауэ, Данили, и ныбжьэгъухэр щIыгъуу, къалъыхъуэрт,
яукIын щхьэкIэ.
14 Данил, губзыгъагъэ хэлъу, и дэтхэнэ зы псалъэ-
ри зэпишачэу, пащтыхьым и хъумакIуэхэм я унафэщI
Iэриуэх, Бабылейм ис усэрэжхэр зэтезыукIэну ежьам
зыхуигъэзащ: 15 «Сыт пащтыхьым апхуэдэ унафэ ткIий
къыщIыдигъэкIар?» – жиIэри.
Iэриуэх Данил Iуэхур зытетыр къыжриIащ. 16 Абдежым
Данил пащтыхьым и деж кIуэри зэман къритыну елъэ-
Iуащ, и пщIыхьэпIэм къикIыр жриIэн папщIэ.
17 ИтIанэ ар и унэ кIуэжри къэхъуар и ныбжьэгъухэм
яхуиIуэтэжащ – Хъэнании, МышрэIили, Уэзии. 18 Да-
нил абыхэм яжриIащ уафэр зыIэщIэлъ Тхьэм елъэIуну,
гущIэгъу къахуищIу, а щэхур къахузэIуихын папщIэ,

Бабылейм щыпсэу адрей усэрэжхэм ядэщIыгъуу ахэр
ямыукIын щхьэкIэ. 19-20 Тхьэм а щэхур жэщым Данил
къыхуигъэлъагъуэри къыхузэIуихащ.

Данил уафэм щыIэ Тхьэм щытхъу мы псалъэхэмкIэ хуигъэшащ:

«Тхьэм и цIэр лIэщIыгъуэ къэс ирагъэлъапIэ!
Абы Iущыгъэшхуи лъэкIыныгъэшхуи иIэщи.
21 Зэманхэри лъэхъэнэхэри Абы зэблегъэкI;
зы пащтыхьхэр тредзри, адрейхэр еIэт.
Iущхэм зэхэщIыкI, акъылыфIэхэм щIэныгъэ ярет.
22 Кууэ щIэхъума щэхухэр Абы къызэIуех;
кIыфIыгъэм хэтым щыгъуазэщ,
нэхури дэщIыгъущ.
23 ФIыщIэрэ щIыхьрэ пхузощIыр,
си адэжьхэм я Тхьэм,
Iущыгъэрэ къарурэ Уэ къызэптащи,
дыныщIолъэIуар сыбгъэлъэгъуащи.
Пащтыхьым ищIэну зыхуейр Уэ къэдбгъэщIащ!»

### *Данил пщIыхьэпIэм къикIыр къызэрыжиIар*

24 Арати, Данил Бабылейм ис усэрэжхэр зэтриукIэну
пащтыхьым унафэ зыхуищIа Iэриуэх деж кIуэри, жри-
Iащ: «УмыукI Бабылейм ис усэрэжхэр. Пащтыхьым и
деж сыши, абы и пщIыхьэпIэм къикIыр сэ жесIэнщ».
25 Асыхьэтым Iэриуэх пащтыхьым деж Данил ишэри,
жриIащ: «Ехьудейм гъэру къипшахэм къахэзгъуэтащ уи
пщIыхьэпIэм къикIыр къыбжезыIэфын цIыху».
26 Пащтыхьыр Данил (иджыри БэлътэщэркIэ зэджэм)
еупщIащ: «Сэ сызэпщIыхьар къэпIуатэу, къикIри къыз-
жепIэфынуи уэ?»
27 Данил жэуап къритыжащ: «Зы усэрэжи, зы нэ-
щыпхъуи, зы Iэзэгъуази, зы уди къызэIуихыфынукъым
узыщIэупщIэ щэхур, 28 ауэ уафэм щыIэщ Тхьэ, щэхухэр

къызэIузых. Мис Абы лъэхъэнэм и кIэм къэхъунур уэ
къуигъэлъэгъуащ. Уи пIэщхьагъ уилъыжу, пщIыхьэпIэу
къыпхуэлъэгъуар мыращ:
29 Уэ, ди пащтыхь лъапIэ, къэкIуэнум уегупсысу пIэм
уздыхэлъым, щэхухэр КъызэIузыхым къэхъунур уигъэлъэ-
гъуащ. 30 А щэхур сэ къыщIысхуззэIуахар адрей цIыхухэм
нэхърэ сынэхъ Iущу аракъым, атIэ пащтыхьым илъэгъуам
къикIыр къыгурыIуэн, и гупсысэ щэхухэр зэхищIыкIы-
жын щхьэкIэщ.
31 Моуэ уздэплъэм, ди пащтыхь лъапIэ, сурэтышхуэ
гъэжауэ уи пащхьэ къиту уолъагъу – инышхуэ Iейрэ,
узримыгъэплъу зэщIэлыдэу, и теплъэр узижэгъуэну шы-
нагъуэу. 32 Сурэт гъэжам и щхьэр дыщэзэрылэт, и бгъэмрэ
и Iэхэмрэ дыжьыным къыхэщIыкIат, и ныбэмрэ и куэ-
хэмрэ – гъуаплъэм, 33 и лъэдийхэр гъущIт, и лъапэхэр
иныкъуэр гъущIт, иныкъуэр ятIэ гъэжат. 34 Уи нитIкIэ
плъагъуу, цIыхуIэ хэмыту, мывэ гуэр джабэм къыкIэрыкI-
ри сурэт гъэжам и лъапэм, иныкъуэр гъущIу иныкъуэр



ятIэ гъэжауэ щытым, еуэри зэхикъутащ. 35 НапIэзыпIэм
гъущIри, ятIэ гъэжари, гъуаплъэри, дыжьынри, дыщэри
щыкъуейуэ зэтещащэри, гъавэ Iухыжыгъуэм хьэмым
щыщIэщэщ пыдзахуэм хуэдэу, жьым ирихьэжьэри, и
лъэужь къимыгъанэу зэбгрихащ. Ауэ сурэт гъэжам еуа
мывэр бгышхуэ хъури щIылъэр зэрыщыту иубыдащ.
36 Аращ пщIыхьэпIэр зыхуэдэр, иджы абы къикIыр
бжесIэнщ. 37 Уэ, ди пащтыхь лъапIэ, пащтыхьхэм ура-
пащтыхьыжщ. Уафэр зыIэщIэлъ Тхьэм тепщэныгъэшхуи,
лъэщагъи, къаруи, щIыхьи уигъэгъуэтащ; 38 цIыхухэри,
щIыгум тет хьэкIэкхъуэкIэхэри, уэгум ит къуалэбзухэри –
псори, дэнэ щIыпIэ щыпсэухэри уи Iэмыщ1э ирилъхьащ.
Дыщэм къыхэщIыкIа щхьэр уэращ.
39 Уи ужькIэ нэгъуэщI пащтыхьыгъуэ зыкъиIэтынущ,
ууейм нэхърэ нэхъ цIыкIуу. КъыкIэлъыкIуэу, ещанэ
пащтыхьыгъуэу дуней псом тепщэнур гъуаплъэм хуэ-
дэнущ. 40 Ауэ еплIанэ пащтыхьыгъуэр гъущIым хуэдэу
быдэнущ – гъущIым псори зэрызэгуиуд, зэрикъутэм
хуэдэу, абы адрейхэр зэхикъутэнурэ игъэщэщэнущ. 41 И
лъапэхэмрэ и лъэпхъуамбэхэмрэ и ныкъуэр ятIэ гъэжауэ и
ныкъуэр гъущIу зэрыплъэгъуам хуэдэу, а пащтыхьыгъуэм
зигуэшынущ; ауэ абы гъущIым и быдагъи хэлъынущ,
гъущIыр ятIэ гъэжам хэзэрыхьауэ щIэплъэгъуар аращ.
42 И лъэпхъуамбэхэм и ныкъуэр ятIэ гъэжам и ныкъуэр
гъущIым къыхэщIыкIауэ зэрыплъэгъуам хуэдэу, пащ-
тыхьыгъуэр зылъэныкъуэкIэ быдэу, зылъэныкъуэкIи
махэу щытынущ. 43 ГъущIыр ятIэ гъэжам хэзэрыхьауэ
зэрыплъэгъуам хуэдэу, абы лъэпкъхэр щызэхэзэрыхьы-
нущ, ауэ зы хъунукъым, гъущIымрэ ятIэмрэ зэхэткIухьу
зэщыщ зэрымыхъуфынум хуэдэу[a].

---

[a] 2:31-43 Мы къэлъэгъуар зэрагъэнахуэ хабзэмкIэ, сурэт гъэжам и щхьэ дыщэм къыхэщIыкIам къигъэлъагъуэр Нэбыхъунэщырщ, нэхъ тэмэму жытIэнщи, Бабылей пащтыхьыгъуэр зэрыщытущ, и бгъэмрэ и Iэхэмрэ – мыдхэмрэ къэжэрхэмрэщ, и ныбэмрэ и куэхэмрэ – Алыдж пащтыхьыгъуэрщ, и лъэдийхэмрэ и лъапэхэмрэ – Урым пащтыхьыгъуэрщ. И лъапэхэм къагъэлъагъуэр Урым

44 А пащтыхьыгъуэхэм я махуэхэм уафэр зыIэщIэлъ
Тхьэм игъащIэкIи мыкъутэжыну, нэгъуэщI лъэпкъхэми
яIэщIэмыхьэну пащтыхьыгъуэ иухуэнущ. Абы адрей пащ-
тыхьыгъуэхэр зэхикъутэнурэ кIэухыр къахуигъэкIуэнущ,
ауэ езыр игъащIэкIи щыIэнущ. 45 Аращ цIыхуIэ хэмыту
джабэм зыкъыкIэричу гъущIри, гъуаплъэри, ятIэ гъэжа-
ри, дыжьынри, дыщэри зыущыкъуея мывэм къикIыр.

Тхьэуэ иным къуигъэлъэгъуащ къэкIуэнум къэхъуну-
хэр. Аращ шэчыншэу уэ узэпщIыхьар, абы къикIыу
ныбжесIари пэжщ».

46 Абдежым Нэбыхъунэщыр пащтыхьым Данил и
пащхьэ зыщридзыхри щхьэщэ хуищIащ, икIи тыхьхэр
къыхуащIу, мэ IэфI къызыпих сагъыз абы хуагъэсыну
унафэ ищIащ. 47 Пащтыхьым Данил жриIащ: «Уэ а щэ-
хур сэтей къыщыпщIыфакIэ, шэч хэлъкъым, фи Тхьэр
тхьэуэ щыIэм зэра-Тхьэжым, пащтыхьхэм зэра-Тепщэм,
щэхухэри къызэрызэIуихыфым».

48 Абы и ужькIэ пащтыхьым Данил иIэтащ, тыгъэ лъа-
пIэ Iэджи иритащ, Бабылей хэгъэгу псори и IэмыщIэ
ирилъхьащ, усэрэж псоми тхьэмадэ яхуищIащ.

49 Езы Данил пащтыхьым елъэIуащ, Шэдрахь, Мешэхь,
Iэвед-Нэгу сымэ и жьауэм къыщIигъэувэу, Бабылей хэ-
гъэгум и Iэтащхьэхэу тригъэувэну. Езыр сэрей пщIан-
тIэм къыщынащ.

---

пащтыхьыгъуэм иужькIэ къэхъуа къэралыгъуэхэрауэ зылъыти щыIэщ. НэгъуэщIуи зэрагъэнахуэм ипкъ иткIэ: етIуанэ пащтыхьыгъуэр – ар мыдхэрщ, ещанэмрэ еплIанэмрэ – къэжэрымрэ алыджхэмрэщ.

## *Данил и ныбжьэгъуищыр хьэку жьэражьэм*

**3** [1] Нэбыхъунэщыр пащтыхьым сурэтышхуэ дыщэм
къыхригъэщIыкIащ, и лъэгагъыр IэфракIэ хыщI-
рэ[a] и бгъуагъыр IэфракIих[b] хуэдиз хъууэ. Пащтыхьым
ар Бабылей хэгъэгум хиубыдэ Дур аузым щригъэгъэу-
ващ. [2] Абы иужькIэ пщыхэми, лIакъуэлIэшхэми, хэгъэгу
пашэхэми, и чэнджэщэгъухэми, ахъшащхьэм тетхэми,
хеящIэхэми, жылэхэм я тхьэмадэхэми, адрейуэ хэкум
унафэщIу ис псоми яхуиIуэхуащ сурэтышхуэр щигъэлъэ-
пIэнум зыкъырырагъэхьэлIэну. [3] Арати, а лIыщхьэ псори[c]
къызэхуэсри, Нэбыхъунэщыр игъэува сурэтышхуэм и
пащхьэ къиуващ, ягъэлъэпIэну.

[4] Гъуор гуоуащ: «Сыт хуэдэ лъэпкъ щыщри, сыт хуэ-
дэбзэкIэ псалъэри, цIыхуцIэ зиIэ псори пащтыхьым и
унафэм фыкъедаIуэ: [5] бжьакъуэ накъырэм, сыринэм,
пхъэ пшынэм, пшынэ дыкъуакъуэм, шыкIэпшынэм,
бжьамийм я макъхэр нэгъуэщI пшыналъэхэм дэщIы-
гъуу къызэрыIуу, зевдзыхи, Нэбыхъунэщыр пащтыхьым
игъэува дыщэ сурэтышхуэм щхьэщэ хуэфщI. [6] Зри-
дзыхыу щхьэщэ зымыщIыр занщIэу хьэку жьэражьэм
ирадзэнущ».

[7] Арати, а пшыналъэхэм я макъхэр[d] къызэрыIуу, лъэпкъ
псоми, сыт хуэдэбзэкIэ псалъэхэми, цIыхуцIэ зиIэ псоми

---

[a] 3:1 *IэфракIэ хыщIрэ* – Метр 30-м ноблагъэ.
[b] 3:1 *IэфракIих* – Метрищым ноблагъэ.
[c] 3:3 *а лIыщхьэ псори* – АрамеибзэкIэ: «пщыхэри, лIакъуэлIэшхэри, хэгъэгу пашэхэри, чэнджэщэгъухэри, ахъшащхьэм тетхэри, хеящIэхэри, жылэхэм я тхьэмадэхэри, адрейуэ хэкум унафэщIу ис псори».
[d] 3:7 *а пшыналъэхэм я макъхэр* – АрамеибзэкIэ: «бжьакъуэ накъырэм, сыринэм, пхъэ пшынэм, пшынэ дыкъуакъуэм, шыкIэпшынэм я



зрадзыхри Нэбыхъунэщыр пащтыхьым игъэува сурэ-
тышхуэм щхьэщэ хуащIащ.
8 Абдежым бабылей цIыхухэм ящыщ зыгуэрхэм, фIы
ягу имылъхэу, журтхэр хуабжьу ягъэкъуэншэн щIадзащ.
9 Абыхэм пащтыхьым бзэгу хуахьащ: «Зи щIыхьыр ин!
10 Уэратэкъэ унафэ къыдэзыгъэкIар, ди пащтыхь лъапIэ,
пшыналъэхэм я макъхэр зыхэзых дэтхэнэми зридзыхыу
дыщэм къыхэщIыкIа сурэтышхуэм щхьэщэ хуищIын
хуейуэ, 11 икIи зридзыхыу щхьэщэ зымыщIыр хьэку жьэ-
ражьэм ирадзэну? 12 НтIэ, журтхэу Шэдрахь, Мешэхь,
Iэвед-Нэгу сымэ, Бабылей хэгъэгум и унафэщIу тебгъэ-
увахэр, уэ къодаIуэркъым, ди пащтыхь лъапIэ. Ахэр уи
тхьэхэм хуэлажьэркъым икIи дыщэм къыхэщIыкIауэ уэ
бгъэува сурэтышхуэми щхьэщэ хуащIыркъым».
13 Нэбыхъунэщыр Iейуэ къэгубжьри а журтхэр къы-
хуашэну жиIащ. Ахэр пащтыхьым къыхуашэри, 14 Нэ-
быхъунэщыр абыхэм еупщIащ: «Шэдрахь, Мешэхь,
Iэвед-Нэгу, фэ си тхьэхэм фахуэмылажьэу икIи сэ згъэува
дыщэ сурэтышхуэми щхьэщэ хуэвмыщIу жаIэр пэж?
15 ИджыпступцIэ пшыналъэхэм я макъхэр зэрызэхэфхыу,
зевдзыхрэ сэ згъэува сурэтышхуэм щхьэщэ хуэфщIмэ,

макъхэр нэгъуэщI пшыналъэхэм дэщIыгъуу»; 10-нэ, 15-нэ пычы-
гъуэхэми ущрохьэлIэ.

дэгъуэщ. Щхьэщэ хуэвмыщIрэ – занщIэу хьэку жьэра-
жьэм фрезгъэдзэнущ. ИтIанэ сыт хуэдэтхьэ си IэмыщIэм
фыкърихыу фыкъезыгъэлыфынур?»
16 Абыхэм пащтыхьым жэуап иратыжащ: «Мы IуэхумкIэ
къытщхьэщыжын дыхуэныкъуэкъым. 17 Дэ дызыхуэлажьэ
Тхьэр щыIэмэ, хьэку жьэражьэм драдзэми дыкъригъэ-
лыфынущ[a], уи IэмыщIи дыкърихынущ. 18 Уеблэмэ, ды-
къримыгъэлми, пщIэну дыхуейщ, ди пащтыхь лъапIэ,
уи тхьэхэм дазэрыхуэмылэжьэнур, дыщэ сурэтышхуэу
бгъэувами щхьэщэ зэрыхуэдмыщIынур».
19 Абдежым Нэбыхъунэщыр IэлфIыцIэу къызэкIуэкIри
Шэдрахьи, Мешэхьи, Iэвед-Нэгуи нэщхъыдзэу яжьэ-
хэплъащ. Абы хьэкур зэрыщытам нэхърэ блыкIэ нэхъ
пщтыру ягъэплъыну унафэ ищIри, 20 и дзэм щыщ зауэлI
нэхъ лъэрызехьэхэм Шэдрахьи, Мешэхьи, Iэвед-Нэгуи
япхыу хьэку жьэражьэм ирадзэну яжриIащ. 21 Арыххэ-
ти, гъуэншэджхэри джанэхэри зэращыгъыу, пыIэхэри
зэращхьэрыгъыу – зэрыхуэпа дыдэм хуэдэу, щIалэхэр
япхри хьэку жьэражьэм ирадзащ. 22 Пащтыхьым и унафэ
ткIийм ипкъ иткIэ, хьэкум мафIэлыгъей иращIыхьати,
ахэр абы изыдза зауэлIхэр мафIэ бзэгум ипхъуатэри исащ,
23 щIалищыр пхауэ хьэку жьэражьэм ихуащ.
24 Пащтыхьыр къэуIэбжьауэ къыщылъэтри, и чэнджэ-
щэгъухэм еупщIащ: «Iэпхлъэпх тщIыуэ хьэкум иддзар
лIищтэкъэ?»
Абыхэм жэуап къратыжащ: «Пэж дыдэщ, ди пащты-
хьыфI».
25 Нэбыхъунэщыр жиIащ: «АтIэ мафIэм къыщакIухьу
сэ лIиплI солъагъури, мыпхарэ лажьи-хъати ямыIэу,
еплIанэр тхьэм ещхьу!»

---

[a] 3:17 *Дэ дызыхуэлажьэ Тхьэр щыIэмэ, хьэку жьэражьэм драдзэми ды-къригъэлыфынущ* – Е «Хьэку жьэражьэм драдзэми, дэ дызыхуэлажьэ Тхьэм дыкъригъэлыфынущ», е «Дэ дызыхуэлажьэ Тхьэм хьэку жьэражьэм дыкъригъэлыфыну щытмэ, дыкъригъэлынущ». АрамеибзэкIэ тха псалъэухам и мыхьэнэр зэмылIэужьыгъуэу къыбгурыIуэ мэхъу.



26 Пащтыхьыр хьэку жьэражьэм и гъуанэм гъунэгъу
зыхуищIри джащ: «Шэдрахь, Мешэхь, Iэвед-Нэгу, Тхьэуэ
я нэхъ Лъагэм и пщылIхэ! ФыкъикIыж мыдэ!»
Ахэр мафIэм къыхэкIыжащ. 27 Пщыхэми, лIакъуэлIэш-
хэми, хэгъэгу пашэхэми, пащтыхьым и чэнджэщэгъу-
хэми ахэр къаухъуреихьри къалъэгъуащ мафIэм и зэран
абыхэм зэремыкIар: я зы щхьэцыпи пилыгъукIатэкъым,
я щыгъынхэри зэрыпсот, абы дэнэ къыщына, Iугъуэмэ
къудей къакIэрихыртэкъым.
28 Абдежым Нэбыхъунэщыр жиIащ: «Шэдрахь, Ме-
шэхь, Iэвед-Нэгу сымэ я Тхьэм щытхъу хуэфащэщ, и
мелыIыч къыигъакIуэри и пщылIхэр кърigъэлащи! Абы
щыгугъыурэ ахэр си псалъэм ебэкъуат, езыхэм я Тхьэм
фIэкIа нэгъуэщI тхьэхэм хуэмылэжьэн щхьэкIэ я гъащIэр
яфIэкIуэдынкIэ зэрыхъунуми щымышынэу.

29 Абы къыхэкIкIэ унафэ сощI: Шэдрахь, Мешэхь,
Iэвед-Нэгу сымэ я Тхьэм псалъэ Iей хужызыIэ цIыхуцIэ
зиIэ дэтхэнэри, сыт хуэдэ лъэпкъ щыщри, сыт хуэдэ-
бзэкIэ псалъэри, цIыкIу-цIыкIуу яупщIэтэну, и унэри
зэхакъутэну, Абы хуэдэу укъезыгъэлыфын нэгъуэщI тхьэ
щыIэкъыми».
30 Пащтыхьым Шэдрахьи, Мешэхьи, Iэвед-Нэгуи игъэ-
лъапIэу Бабылей хэгъэгум къулыкъу нэхъ лъагэжхэр
щаритащ.

### *Нэбыхъунэщыр и пщIыхьэпIэ етIуанэр*

31 ЩIылъэм лъэпкъыу тетым, сыт хуэдэбзэкIэ псалъэ-
хэми, цIыхуцIэ зиIэ псоми Нэбыхъунэщыр пащтыхьым
зыкъыфхуегъазэ: мамырыгъэрэ тыншыгъуэрэ фхуребагъуэ!
32 Я нэхъ Лъагэм хьэлэмэтлажьэрэ фIэщхъуныджэу
къысщигъэщIахэм я хъыбарыр фэзгъэщIэну сыхуейщ.

33 Сыту инызщэ Абы и нэщэнэхэр!
Сытуи лъэщ и Iуэху телъыджэхэр!
И пащтыхьыгъуэр мыкIуэдыжынщ,
и тепщэныгъэми кIэ иIэнукъым!

4 1 Сэ тыншыгъуэ сиIэу си сэрейм сытхъэжу сыщыпсэут.
2 Ауэ зэгуэр пщIыхьэпIэ слъагъури сигъэшынащ; си
гъуэлъыпIэм силъу пщIыхьым хэту къысхуэлъэгъуам
гулэгущтэ сищIащ. 3 Арати, Бабылейм усэрэжу исхэр
къашэну унафэ сщIащ, си пщIыхьэпIэм къикIыр абыхэм

жезгъэIэн папщIэ. [4] Iэзэгъуазэхэри, нэщыпхъуэхэри,
мэгъухэри, удхэри къакIуэри си пщIыхьэпIэр яхуэсIуэ-
тащ, арщхьэкIэ абы къикIыр зыми къыхуэщIакъым.
[5] ИкIэм-икIэжым Данил, си тхьэм и цIэкIэ иджыри
БэлътэщэркIэ зэджэр, тхьэ лъапIэхэм я псэр[a] зыхэтыр,
къакIуэри си пщIыхьэпIэр хуэсIуэтащ.

[6] Сэ жысIащ: «Мэгъухэм я пашэу Бэлътэщэр, сэ сощIэ
тхьэ лъапIэхэм я псэр зэрыпхэтыр, икIи уэ къыщIэбгъэ-
щынкIэ къогугъуэкIын щэху зэрыщымыIэр. КъедаIуэ си
пщIыхьэпIэр зыхуэдэми, къикIыр къызжеIэ. [7] Мыращ
сызэпщIыхьар, си гъуэлъыпIэм силъу:

ЩIыгум и кум итт жыг лъагэшхуэ –
[8] уардэрэ лъэ быдэу,
и щхьэкIэр уафэм нэсрэ,
щIым и гъунэми щыплъагъуу;
[9] и тхьэмпэхэр Iуврэ, и пыкIэр бэву,
псоми я шхын абы пыту;
и жьауэм хьэкIэкхъуэкIэхэр щIэсрэ,
и къудамэхэр къуалэбзухэм я абгъуэу,
псэ зыIут псоми ар я шхыныгъуэу.
[10] Си пIэщхьагъ силъыжу адэкIэ солъагъу –
ХъумакIуэ лъапIэр уафэм къехри,
[11] къыжиIащ макъышхуэкIэ мыпхуэдэу:
„ИвупщIыкI жыгри, гуэвуд и къудамэхэр,
и тхьэмпэхэр ффыщIи, пывгъэщэщ пыкIэхэр,
и лъабжьэм щIэс хьэкIэкхъуэкIэр зэбгрыреж,
и къудамэхэм тес къуалэбзухэри зэбгрелъэтыж.
[12] Жыг дакъэ закъуэр лъабжьэм и гъусэу
щIым къыхэвнэ, губгъуэ удзхэм яхэту,
        жыррэ гъуаплъэкIи зэщIэлъэхъауэ.
Уафэм къех уэсэпсым ар игъэщIытэу,
хьэкIэкхъуэкIэхэми ядэщIыгъуу,

[a] **4:5** *тхьэ лъапIэхэм я псэр* – Е «Тхьэ лъапIэм и псэр»; апхуэдэуи еплъ пычыгъуэ 6-нэм, 15-нэм.

щIыгу удзыпцIэр егъэзыпIэ хурехъу.
13 ЦIыху акъылым икIынурэ ар,
хьэкIэкхъуэкIэ гупсысэм ихьэнущ,
апхуэдэуи илъэсибл[a] ней дэкIынущ.
14 А унафэр ХъумакIуэхэм ейщ,
а хьэкумыр ЛъапIэхэм я псалъэщ!
Псэ зыIут псоми ящIапхъэщ,
тепщэныгъэр зыхуейм ириту
Я нэхъ Лъагэм зэрыIэщIэлъыр, уеблэмэ,
ямылъытэхэри пащтыхьыпIэм иришэу“.

15 Мис аращ сэ сызэпщIыхьа пщIыхьэпIэр зыхуэ-
дэр, – жиIащ Нэбыхъунэщыр пащтыхьым. – ИIэ иджы,
Бэлътэщэр, абы къикIыр къызжеIэ, си пащтыхьыгъуэм
и зы усэрэжи ар лъэкIакъым, ауэ уэ пхузэфIэкIынущ,
тхьэ лъапIэхэм я псэр пхэтщи».

### *Данил пщIыхьэпIэм къикIыр къызэрыжиIар*

16 БэлътэщэркIэ зэджэ Данил абдежым заулкIэ Iэнкуну
щытащ, и гупсысэхэм хуабжьу игъэгузавэу.

Пащтыхьым жиIащ: «Бэлътэщэр, а пщIыхьэпIэми абы
къикIми уримыгузавэ».

Бэлътэщэр жэуап къритыжащ: «Си зиусхьэн, а пщIы-
хьэпIэри абы къикIри уи бийхэм ялъысам нэхъыфIт! 17 Уэ
плъэгъуа жыгыр – уардэрэ лъэ быдэр, уафэм зи щхьэкIэр
нэсрэ, щIым и гъунэми щыплъагъур; 18 зи тхьэмпэхэр
Iуврэ, зи пыкIэр бэвыр, псоми я шхыныгъуэ зыпытыр,
зи жьауэм хьэкIэкхъуэкIэхэр щIэсрэ, зи къудамэхэр къуа-
лэбзухэм зи абгъуэр – 19 ар уэращ, ди пащтыхь лъапIэ!
Уэ щэджащэ, лъэщышхуэ ухъуащ; уи инагъыр уафэм
нэсащ, уи пащтыхьыгъуэр щIым и гъунэм нос.

[a] **4:13** *илъэсибл* – Хьэрфхэм къарыкIыр: «зэманибл»; апхуэдэуи еплъ пычыгъуэ 20-нэм, 22-нэм, 29-нэм. «Блы» бжыгъэр «нэгъэсам, зыри зыхуэмычэмым» и дамыгъэу къагъэсэбэпу куэдрэ ущрохьэлIэ журтхэм я хабзэм.

[20] Уэ, ди пащтыхь, ХъумакIуэ лъапIэр уафэм къехыу
плъэгъуащ, мыпхуэдэу жиIэу: „ИвупщIыкI жыгри вгъэ-
кIуэд, ауэ и лъабжьэм щIыгъуу и дакъэр щIым къыхэвнэ,
жыррэ гъуаплъэкIэ лъэхъауэ губгъуэ удзым хэту, уафэм
къех уэсэпсым игъэщIытэу, хьэкIэкхъуэкIэхэм ящIыгъуу
ар ирепсэу, илъэсибл ней дэкIыхукIэ“.
[21] Абы къикIыращи, ди пащтыхь лъапIэ, уэ уэхьэлIауэ
Я нэхъ Лъагэм и унафэр мыращ: [22] цIыхухэм укъыхаху-
нурэ, хьэкIэкхъуэкIэхэм уахэту упсэунущ, Iэщым хуэдэу
удз цIынэр уи шхыныгъуэу, уэсэпсыр къыптехэу. Апхуэ-
дэу илъэсибл дэкIынурэ, итIанэ уэ къыбгурыIуэнущ – Я
нэхъ Лъагэм цIыхухэм я тепщэныгъэр зыхуейм ириту
зэрыIэщIэлъыр.
[23] Жыг дакъэр лъабжьэм щIыгъуу къагъэнэну ящIа
унафэм къокIыр уи пащтыхьыгъуэр зэрыпфIэмыкIуэ-
дынур, Уафэм и къарум псори зэрыщIэтыр зэхэпщIы-
кIа нэужь ар къызэрыпIэрыхьэжынур. [24] Абы къыхэкI-
кIэ, ди пащтыхь лъапIэ, си чэнджэщым ущIэдэIуамэ
арат: уи гуэныхьхэм пыкIи, захуагъэ лэжь; тхьэмыщ-
кIэхэм гущIэгъу яхуэпщIурэ уи хабзэншагъэм кIэ
ет; итIанэ, хэт ищIэрэ, уи махуэфIхэм къыпащэнкIи
хъунщ».

### *ПщIыхьэпIэр нэхуапIэ зэрыхъуар*

[25] А псори Нэбыхъунэщыр пащтыхьым къыщыщIащ.
[26] Мазэ пщыкIутI дэкIауэ, абы Бабылейм ит и сэреишхуэм
и унащхьэм тету къыздикIухьым, [27] мыпхуэдэу жиIащ:
«Ситу инышцэ мы Бабылейр! Си щIыхьымрэ си пщIэмрэ
игъэбагъуэу, пащтыхь къалащхьэу сэ ар зэрызухуар си
лъэщыгъэшхуэкIэщ!»
[28] А псалъэхэр жиIэн имыух щIыкIэ уафэм макъ къиIу-
кIащ: «Мыращ, Нэбыхъунэщыр пащтыхьым, уи натIэр: уи
пащтыхьыгъуэр къыпIэщIахащ. [29] ЦIыхухэм укъыхахуну-
рэ, хьэкIэкхъуэкIэхэм я гъусэу упсэунущ, Iэщми хуэдэу
удз цIынэ пшхынущ. Апхуэдэурэ илъэсибл дэкIынурэ,

итIанэ уэ къыбгурыIуэнущ: Я нэхъ Лъагэм цIыхухэм я
тепщэныгъэр зыхуейм ириту зэрыIэщIэлъыр».
[30] Нэбыхъунэщыр теухуауэ жаIар асыхьэтым къэхъуащ.
ЦIыхухэм къыхахури, абы Iэщым хуэдэу удз ишхащ.
Уэсэпсыр къытехэу псэуащ ар, и щхьэцыр бгъэм и къаб-
зийхэм хуэдэу кIыхьышхуэ, и лъэбжьанэхэр къуалэбзу
лъэбжьанэм хуэдэ хъуху.

[31] АдэкIэ къэхъуари къиIуэтэжащ Нэбыхъунэщыр: «Зэ-
ман дэкIщ, сэ уафэм сыдэплъейри, си акъылым сихьэ-
жащ. Абдежым Я нэхъ Лъагэм фIыщIэ хуэсщIащ; щытхъу
хужысIэурэ ИгъащIэкIэ Псэур згъэлъэпIащ.

Абы и тепщэныгъэр мыкIуэдыжынщ,
и пащтыхьыгъуэми кIэ иIэнукъым.
[32] ЩIым щыпсэухэр зыри ищIыскъым;
уафэм и дзэхэри щIылъэм тетхэри



зэрегъакIуэ Абы Езым и IэмыркIэ.
Зыми лъэкIынукъым Абы и Iэр иубыдыну
хьэмэрэ „Сыт Уэ пщIар?“ жриIэну.

33 Си акъылым сызэрихьэжу, пащтыхьым и пщIэри, и
щIыхьри, и лъапIагъэри къысIэрыхьэжащ. Си чэнджэщэгъухэми си блыгущIэтхэми, си деж къагъэзэжри, аргуэру
пащтыхьу салъытэ хъужащ, икIи япэм нэхърэ IэджэкIэ
сынэхъ лъэщщ. 34 Иджы сэ сыщотхъу, соIэт, согъэлъапIэ
уафэм и Пащтыхьыр. Абы ищIэ псори пэжыгъэщ икIи
захуагъэщ. Абы лъокI пагэхэр Iэсэ ищIыну».

***Блыным тратха псалъэхэр***

5 1 Пащтыхь Бэлъщэцар[a], и блыгущIэтхэм ящыщ миным ефэ-ешхэшхуэ яхузэхишауэ, абыхэм я гъусэу
санэ ефэрт зэгуэрым. 2 Фадэр къыпкърыхьауэ, Бэлъщэцар унафэ ищIащ дыжьынымрэ дыщэмрэ къыхэщIыкIа
фалъэхэр, и адэжь[b] Нэбыхъунэщыр Тхьэм и Унэу Ерусалим дэтым къришауэ щытахэр, къахьыну: езыри, и
блыгущIэтхэри, и фызхэри, и жэщгъуэлъ цIыхубзхэри

[a] **5:1** *Пащтыхь Бэлъщэцар* – НэгъуэщI тхыдэхэм къызэрагъэлъагъуэмкIэ Бабылейм иужьрей пащтыхьу яIар Набонидщ. Ауэ Набонид куэдрэ щыIэтэкъыми, абы и къуэ Бэлъщэцар пащтыхьыпIэр иIыгъыу щытащ и адэр къэтыху.

[b] **5:2** *адэжь* – АрамеибзэкIэ «адэ», ауэ а псалъэм нэгъуэщI мыхьэнэхэр къикIынкIи мэхъу «адэжь» е «зи пIэм уиува» жиIэу. Апхуэдэуи еплъ 11-нэ, 13-нэ, 18-нэ пычыгъуэхэм. Бэлъщэцар Нэбыхъунэщыр и хэту щытами ехьэлIауэ щIэныгъэлIхэр зэгурыIуэу щыткъым.

абыхэмкӀэ ефэн папщӀэ. [3] Арати, Тхьэм и Унэу Ерусалим
дэтым къэрашауэ щыта фалъэхэр къахьри, абыхэмкӀэ ефэн
щӀадзащ пащтыхьыми, абы и блыгущӀэтхэми, и фызхэ-
ми, и жэщгъуэлъ цӀыхубзхэми. [4] Санэ здефэм псоми я
тхьэхэр ягъэлъапӀэрт – дыщэм, дыжьыным, гъуаплъэм,
гъущӀым, пхъэм, мывэм къыхэщӀыкӀахэр.

[5] Асыхьэтым цӀыхуӀэм и Ӏэпэхэр къэхутэри пащтыхь
сэрейм и блынджабэ джафэхум, уэздыгъэм и нэхур здыт-
ридзэм деж тетхыхьын щӀидзащ. Пащтыхьым цӀыхуӀэ
тхэр къилъагъури [6] и фэр пыкӀащ. Апхуэдизу шынагъэм
зэщӀищтати, и лъэгуажьэхэр зэкӀэщӀэзызэри и лъакъуэ-
хэр щӀэщӀащ.

[7] Пащтыхьыр ину кӀиящ, нэщыпхъуэхэри, мэгъухэ-
ри, удхэри къыхуашэну унафэ ищӀу. Ахэр – Бабылейм
и усэрэжхэр – къызэрысу захуигъэзащ: «Мо тхыгъэм
къысхуеджэу абы къикӀыр къызгурызыгъаӀуэр чэтэныплъ
лъапӀэкӀэ езгъэхуэпэнурэ, дыщэ лэрыпси и пщэм ирез-
гъэлъхьэнущ, си пащтыхьыгъуэм и Ӏэтащхьэ ещанэуи
згъэувынущ», – жиӀэри.

[8] Бэлъщэцар и усэрэжу хъуар къызэхуэса щхьэкӀэ,
ахэр тхыгъэм къеджэфакъым, абы къикӀри пащтыхьым
жраӀэфакъым. [9] Абдежым Бэлъщэцар пащтыхьыр нэхъ
Ӏеижу къэшынащ, и фэри шэхум хуэдэу пыкӀащ, и блыгу-
щӀэтхэми ящӀэнур ямыщӀэжу къызэхэнащ.

[10] Абыхэм я зэрызехьэ макъыр пащтыхь гуащэм[a] зэ-
хихри, ефэ-ешхэр щекӀуэкӀ пэшым щӀыхьащ.

«Зи щӀыхьыр ин ди пащтыхь! УщӀэгузэвэни уи фэр
щӀыпыкӀыни щыӀэкъым! – жиӀащ абы. [11] – Уи пащты-
хьыгъуэм исщ цӀыху, тхьэ лъапӀэхэм я псэр[b] зыхэт. Уи
адэжьым и тетыгъуэм наӀуэ къэхъуауэ щытащ абы акъыл
нэхуи зэхэщӀыкӀыныгъэшхуи зэриӀэр, тхьэхэм я Ӏущыгъэм
хуэдэ Ӏущыгъи зэрыхэлъыр. Уи адэжь Нэбыхъунэщыр ар

---

[a] 5:10 *пащтыхь гуащэм* – Зи гугъу ищӀыр пащтыхьым и анэрауэ къы-
щӀэкӀынщ.

[b] 5:11 *тхьэ лъапӀэхэм я псэр* – Е «Тхьэ лъапӀэм и псэр»; апхуэдэуи еплъ
пычыгъуэ 14-нэм.

Iэзэгъуазэхэми, нэщыпхъуэхэми, мэгъухэми, удхэми тхьэ-
мадэ яхуищIауэ щытащ. 12 А Данил жыхуаIэу, уи адэжьым
Бэлътэщэр зыфIищыгъар, и акъылыфIагъымкIэ, и щIэ-
ныгъэмкIэ, и зэхэщIыкIыныгъэшхуэмкIэ, пщIыхьэпIэхэр
зэрызэхихуфымкIэ, щэхухэр сэтей къызэрищIыфымкIэ,
Iуэху зэхэзэрыхьахэр зэрызэхихыжыфымкIэ хуэбгъэдэн
щымыIэу цIэрыIуэ хъуат. Аращи, Данил къегъаши, абы
псори гурыIуэгъуэ пхуищIынщ».
13 Данил къашэри, пащтыхьым абы жриIащ: «Уэра
Данил хъужыр, си адэжь пащтыхьым Ехьудейм къри-
ша гъэрхэм ящыщыр? 14 Сэ зэхэсхаи уэ тхьэхэм я псэр
пхэту икIи акъыл нэхуи зэхэщIыкIыныгъэшхуи уиIэу,
Iущыгъэшхуи ббгъэдэлъу. 15 АтIэ, сэ мо тхыгъэм къез-
гъаджэу къикIри къезгъэIуэтэну усэрэжхэри мэгъухэри
къезгъэшати, абыхэм ар яхузэфIэкIакъым. 16 Ауэ, уэ
птеухуауэ сэ зэхэсхащ пщIыхьэпIэхэм къарыкIыр къэп-
щIэфу икIи зэхэзэрыхьа Iуэхухэр зэхэпхыжыфу. Иджы,
мо тхыгъэм укъысхуеджэрэ ар къызгурыбгъаIуэмэ, чэ-
тэныплъ лъапIэкIэ уезгъэхуэпэнурэ, дыщэ лэрыпси уи
пщэм ирезгъэлъхьэнущ, си пащтыхьыгъуэм и Iэтащхьэ
ещани усщIынущ».
17 Данил пащтыхьым жэуап иритыжащ: «Тыгъэхэр
къызыхуэгъэнэж, саугъэтхэмкIи нэгъуэщI зыгуэрым
хуэупсэ. Арыншауи сэ уэ тхыгъэм сыкъыпхуеджэнщи,
къикIри бжесIэнщ.
18 Ди пащтыхь лъапIэ, Тхьэуэ я нэхъ Лъагэм уи адэжь
Нэбыхъунэщыр тепщэныгъи, лъэкIыныгъи, щIыхьыш-
хуи, пщIэшхуи къылъигъэсат. 19 Тхьэм абы апхуэдиз
лъэщыгъэшхуэ къритати, сыт хуэдэ лъэпкъым щыщри,
сыт хуэдэбзэкIэ псалъэри, цIыхуцIэ зиIэ псори абы и
пащхьэ щыкIэзызу къыщцышынэрт. Абы зыхуейр иукIырт,
зыхуейм гущIэгъу хуищIырт; зэрыхуейуэ хэти иIэтырт,
хэти тридзырт. 20 Нэбыхъунэщыр пагагъэр къытекIуэри
зыкъыфIэщIыжащ, абы къыхэкIыуи и тахътэм къра-
гъэщэтэхри и щIыхьри фIагъэкIуэдащ. 21 Ар, цIыхухэм
къыхахури, хьэкIэкхъуэкIэхэм хуэдэу акъылыншэ хъуауэ,

шыд Iэлхэм я гъусэу, Iэщым хуэдэу удзыр и шхыныгъуэу, уафэм къех уэсэпсыр и пкъым къытехэу псэуащ, Тхьэуэ я нэхъ Лъагэм цIыхухэм я пащтыхьыгъуэр зыхуейм ириту зэрыIэщIэлъыр зэхищIыкIыху.

[22] Ауэ уэ, абы и къуэ[a] Бэлъщэцар, а псом ущыгъуазэ
пэтрэ, Iэсэ зыпщIакъым. [23] Уэ зыбгъэлъагэри уафэм и
Тепщэм упэщIэуващ: Абы и Унэм къыщIаха фалъэхэр къебгъэхьри, уэри, уи блыгущIэтхэри, уи фызхэри, уи жэщгъуэлъ цIыхубзхэри абыхэмкIэ фефащ! Уэ дыщэм, дыжьыным, гъуаплъэм, гъущIым, пхъэм, мывэм къыхэщIыкIа тхьэхэр, зыри зымылъагъурэ зыхэзымыхIахэр, акъыли зимыIэхэр бгъэлъэпIащ, атIэ уи гъащIэри уи гъуэгу псори Зи IэмыщIэ илъ Тхьэм лъытэныгъэ
хуэпщIакъым. [24] Аращ мо тхыгъэр зытха цIыхуIэр Абы щIыуигъэлъэгъуар.

[25] Мыбдежым тетым къызэреджэр мыпхуэдэущ: МЕНЕ, МЕНЕ, ТЕКЕЛ, У-ПАРСИН. [26] А псалъэхэм къикIыр мыращ:

МЕНЕ[b] – уи тетыгъуэм и махуэхэр Тхьэм ибжри кIэ иритащ.

[27] ТЕКЕЛ[c] – уэ тэрэзэкIэ уашэчати, упсынщIэ Iейуэ укъыщIэкIащ.

[28] ПАРСИН[d] – уи пащтыхьыгъуэр ягуэшри мыдхэмрэ къэжэрхэмрэ[e] иратащ».

[29] Абдежым Бэлъщэцар и унафэкIэ Данил чэтэныплъ щыгъынкIэ къахуапэри, и пщэм дыщэ лэрыпси къралхьащ, пащтыхьыгъуэм и Iэтащхьэ ещанэуи ягъэIуащ.

---

a 5:22 *и къуэ* – Арамеибзэ псалъэм «и щIэблэ» е «и пIэм иува» жиIэу къикIынкIи мэхъу.

b 5:26 *МЕНЕ* – Арамеибзэ псалъэм къикIыр «ябжащ».

c 5:27 *ТЕКЕЛ* – Арамеибзэ псалъэм къикIыр «яшэчащ».

d 5:28 *ПАРСИН* – АрамеибзэкIэ: «перес»; «парсин» псалъэр куэд бжыгъэм итщ. Псалъэм и лъабжьэм «гуэшын» жиIэу къокI, ауэ «персы» жиIэу къыпщыхъункIи мэхъу (я къэпсэлъыкIэкIэ зэтохуэри).

e 5:28 *къэжэрхэмрэ* – Персие щIыналъэм щыпсэуа лъэпкъщ.

[30]А жэщ дыдэм Бэлъщэцар, бабылейхэм я пащтыхьыр,
яукIри, [31]абы и пIэм иуващ мыд лъэпкъым щыщ Дарий.
Ар абы щыгъуэ илъэс хыщIрэ тIурэ хъурт.

### *Данил аслъэнхэр зэрыс мащэм*

**6** [1]Дарий фIэигъуэу и пащтыхьыгъуэ псом пщыуэ щэрэ
тIощIрэ тригъэувэри, [2]ахэр Данил зыхэт Iэтащхьищым
я IэмыщIэ ирилъхьащ. Пщыхэм я къалэнт жэуаптакIуэу
абыхэм я пащхьэ итыну, пащтыхьым и Iуэхухэр тэрэзу
зэщIэн папщIэ. [3]Хьэл-щэныфI дыдэ зэрыхэлъымкIэ, Да-
нил хуабжьу ефIэкIырт адрей Iэтащхьэхэми пщыхэми,
икIи пащтыхьым ар и пащтыхьыгъуэ псом и унафэщI
ищIыну и мурадт.
[4]Абы къыхэкIыу, Iэтащхьэхэмрэ пщыхэмрэ Данил
пащтыхьым и Iуэхухэр зэрызэрихьэ щIыкIэм кIэлъып-
лъырт, ар зэрагъэкъуэншэн къалъыхъуэу, арщхьэкIэ
зыри къахуэгъуэтыртэкъым: Данил захуагъэ хэлъут
псори зэрищIэр, щыуагъи пцIыи IэщIэкIыртэкъым.
[5]ИкIэм-икIэжым, абыхэм къагурыIуащ: «Данил зэрыд-
гъэкъуэншэн къытхуэгъуэтынукъым, езым и Тхьэм и
унафэм зэрытетым фIэкIа», – жаIащ абыхэм.
[6]Iэтащхьэхэри пщыхэри пащтыхьым и деж зэрыгъэ-
Iущауэ зэрыхьри, жраIащ: «Зи щIыхьыр ин ди пащтыхь!
[7]Уи пащтыхьыгъуэм ис Iэтащхьэ псоми, лIакъуэлIэшхэ-
ми, пщыхэми, уи чэнджэщэгъухэми, хэгъэгу пашэхэми
зэакъылэгъуу унафэ къыдэгъэкIыпхъэу ялъытэ, ар хэту
щытми, махуэ щэщIым къриубыдэу, тхьэм е цIыху-
хэм, уэр нэмыщI нэгъуэщIым елъэIур аслъэнхэр зэрыс

мащэм ирадзэн хуейуэ. 8 Аращи, ди пащтыхь лъапIэ, уи
цIэкIэ тхауэ, уи мыхъурыр тедзэжауэ, мыдхэмрэ къэ-
жэрхэмрэ зэрахабзэу пкъутэж мыхъуну апхуэдэ унафэ
къыдэгъэкI».

9 Дарий апхуэдэ унафэ къыдигъэкIащ и мыхъурыр
тедзэжауэ.

10 Абы щыгъуазэу, Данил и унэ кIуэжри, ищхьэ пэшым,
зэрихабзэу, зи щхьэгъубжэ зэIухар ЕрусалимкIэ гъэзам,
махуэм и кIуэцIкIэ щэнейрэ лъэгуажьэмыщхьэу и Тхьэм
щелъэIуащ, игъэлъапIэу. 11 Модрей зэрыгъэIуща гупыр
абы и деж къакIуэри, Данил и Тхьэм къыдэIэпыкъу-
ну зэрелъэIур ялъэгъуащ. 12 Абы фIэкIа хэмылъу, ахэр
пащтыхьым и деж нэсыжри, къыдигъэкIа унафэр игу
къагъэкIыжу еупщIащ: «Уэ унафэ къыдэбгъэкIатэкъэ,
зи щIыхьыр ин, махуэ щэщIым и кIыхьагъкIэ хэт тхьэм
е цIыхухэм, уэр нэмыщI нэгъуэщIым елъэIур аслъэнхэр
зэрыс мащэм идзэн хуейуэ?» – жаIэри.

«А унафэр быдэщ, – жиIащ пащтыхьым, – мыдхэмрэ
къэжэрхэмрэ я хабзэм тетщ, игъащIэкIи пхуэмыхъуэ-
жыну».

13 АдэкIэ абыхэм Дарий жраIащ: «АтIэ, Данил, Ехьу-
дейм гъэру кърашахэм ящыщыр, уэ къодаIуэркъым,



уи унафэри къыфIэIуэхукъым: япэми хуэдэу, щэнейрэ
махуэм тхьэ йолъэIу».
14 А псалъэхэр зэрызэхихыу, пащтыхьыр хуабжьу нэщ-
хъей къэхъуащ; Данил къригъэлыну хуейуэ, дыгъэ къу-
хьэжыгъуэм нэсыху ар зэрыхуэщIэн Iэмал къилъыхъуэу,
абы лъэкI къигъэнакъым.
15 АрщхьэкIэ, мо зэрыгъэIуща гупым Дарий и деж
къытрагъэзэжри къыжраIащ: «Зыщомыгъэгъупщэ, зи
щIыхьыр ин, мыдхэмрэ къэжэрхэмрэ я хабзэм ипкъ ит-
кIэ пащтыхьым и зы унафи зэрамыхъуэжыр».
16 Абдежым Дарий унафэ ищIащ Данил къашэу
аслъэнхэр зэрыс мащэм ирадзэну. Абы Данил жри-
Iащ: «УигукIи уи псэкIи узыхуэлажьэ уи Тхьэм
укъригъэл!»
17 Мывэ къахьри мащэ ихьэпIэр зэхуащIащ, пащты-
хьым езым и мыхъурри и блыгущIэтхэм я мыхъурри
абы тригъэуащ, Данил тращIыхьа унафэр зэщIэн пап-
щIэ. 18 ИтIанэ и сэреишхуэм игъэзэжри, и джийм зы
дзэкъэгъуэ иримыгъэхыу, зэштегъэу Iуэхухэми хэмы-
хьэу гъуэлъыжащ, икIи жэщ псом и напIэр хузэтелъ-
хьакъым.
19 Пщэдджыжьым, пшэкIэплъ къищIу зэрыхуежьэу,
Дарий тэджри, епIэщIэкIыу аслъэнхэр зэрыс ма-
щэм деж кIуащ. 20 Мащэм гъунэгъу зыхуищIри, гузавэ
макъкIэ ар Данил еджащ: «Тхьэ псэум и пщылI Да-
нил, напэ хужькIэ узыхуэлажьэ уи Тхьэм аслъэнхэм
уакъригъэлыфа?»
21 Данил и жэуап къэIуащ: «Зи щIыхьыр ин ди пащ-
тыхь! 22 Си Тхьэм и мелыIыч къигъакIуэри аслъэнхэм я
жьэр зэхуищIащ. Абыхэм зыри къызащIэфакъым, Тхьэм
и пащхьэ лажьи-хъати щызиIэтэкъыми. Уэри, пащтыхь
лъапIэ, уи пащхьэ щIэпхъаджагъэ лъэпкъ зэи щызлэ-
жьакъым».
23 Пащтыхьыр Данил щхьэкIэ хуабжьу гуфIащ, ар мащэм
кърахыжынуи унафэ ищIащ. Данил мащэм кърахыжа
нэужь, наIуэ хъуащ фэбжь лъэпкъ абы зэримыгъуэтар – и

Тхьэм дзыхь хуищІу зэрыщытам и фІыгъэкІэ. 24 Бзаджэ-
наджагъэ зезыхьэу Данил зыгъэкъуэншахэр пащтыхьым
и унафэкІэ къашэри аслъэнхэр зэрыс мащэм ирадзащ,
я бынхэри я фызхэри ящІыгъуу. Ахэр мащэм и лъащІэм
намыгъэсу, аслъэнхэм япхъуатэурэ цІыкІу-цІыкІуу
ячэтхъащ.
25 А псом я ужькІэ пащтыхь Дарий щІылъэм щып-
сэу сыт хуэдэ лъэпкъми, сыт хуэдэбзэкІэ псалъэхэ-
ми, цІыхуцІэ зиІэ псоми мыпхуэдэ тхыгъэ яхуигъэ-
хьащ:

«Мамырыгъэрэ тыншыгъуэрэ фхуребагъуэ!
26 Мыр си унафэщ: си пащтыхьыгъуэм и къуапэ дэт-
хэнэми щыпсэухэр Данил и Тхьэм щышынэу, кІэзызу
и пащхьэ ирырет.

Ар Тхьэ псэущ – игъащІэкІи щыІэнущ;
и пащтыхьыгъуэри кІуэдыжынукъым,
и тепщэныгъэми кІэ иІэнукъым.
27 Абы укърегъэл, щхьэхуит уещІыж.
Нэщэнэхэр, Іуэху телъыджэхэр
уафэми щІылъэми къыщегъэхъу.
Абы Данил аслъэнхэм къригъэлащ!»

28 Данил ехъулІэныгъэ иІэу къекІуэкІащ Дарий и те-
тыгъуэми къэжэр лъэпкъым щыщ Кир и тетыгъуэми.

### *Данил хьэкIэкхъуэкIиплIым зэрепщIыхьар*

**7** 1 Бабылейм и пащтыхь Бэлъщэцар тахътэм щыдэкIуея
гъэм[a], Данил и пIэщхьагъ илъыжу, пщIыхьэпIэм
хэту зыгуэр къыхуэлъэгъуауэ щыташ. Абы ар итхыжащ.
Мис а хъыбарыр:
2 Сэ жэщым пщIыхьэпIэм сыхэту слъэгъуащ, щIым и
лъэныкъуиплIымкIи къикIа жьым хышхуэр къызэри-
гъэукъубеяр. 3 ИтIанэ зыр адрейм емыщхьу, абрагъуэу
хьэкIэкхъуэкIиплI хым къыхэкIащ.
4 Япэр аслъэным ещхьт, ауэ бгъэм и дамэхэм хуэдэ
тетт. Си нитIкIэ слъагъуу абы и дамэхэр трачщ, яIэтри,
цIыхум хуэдэу, лъакъуитIкIэ ягъэуващ, цIыху акъыли
абы иратащ.
5 ЕтIуанэу къыхэкIа хьэкIэкхъуэкIэр мыщэм ещхьт.
Абы и кIэбдз лъакъуитIымкIэ лъэбышэу зритIат, и дзэ-
пэфIанэхэм дзажэналъиищ дэлът, дэнауэ. Абы жраIащ:
«Тэджи, зыбгъэнщIыху лы шхы!»
6 ИтIанэ сэ слъэгъуащ нэгъуэщI хьэкIэкхъуэкIэ, и теп-
лъэкIэ щомыщым ещхьу. Абы и щIыбым дамиплI тетт,
къуалэбзухэм ейм хуэдэу. А хьэкIэкхъуэкIэм щхьиплI
фIэтт, тетыгъуи абы иратащ.
7 АдэкIэ жэщ пщIыхьым сыхэту сэ слъэгъуащ еп-
лIанэ хьэкIэкхъуэкIэр – шынагъуэ Iейрэ узижэгъуэ-
ну, хуабжьу къарууэ. Абы гъущIыдзэ защIэу дзэкъэ-
быжь домбейхэр Iутт; къыIэщIыхьэхэр зэтриукIэурэ
зэхишхыхьырт, къанэр лъакъуэкIэ зэхиутэжырт. Ар

---

[a] 7:1 *Бэлъщэцар тахътэм щыдэкIуея гъэм* – ЗэралъытэмкIэ ди лъэхъэ-нэр къихьэным ипэ 553 гъэрщ. 7-8-нэ Iыхьэхэм къаIуатэр 5-нэ Iыхьэм къиIуатэм и нэхъапэ къэхъуащ.

япэрей хьэкIэкхъуэкIэхэм ещхьтэкъым, абы бжьа-
къуипщI тетт[a].
8 А бжьакъуэхэм сыздеплъым сэ слъэгъуащ абыхэм я
зэхуакум зы бжьакъуэ цIыкIу къызэрыдэкIыкIар, япэрей
бжьакъуищым абы гъуэгу ират щIыкIэу, я лъабжьэхэр
щIыгъуу къызэрыхатхъар – мор къэкIын и пэ. А бжьа-
къуэм нэ иIэт, цIыхухэм ейм хуэдэу, жьэи иIэт, пагэу
псалъэу.
9 Мис, сэ къэслъэгъуар итIанэ:

тахътэхэр ягъэувауэ щытт,
Зи Махуэхэр Жьы Дыдэр тахътэм тетIысхьащ.
Абы и щыгъынхэр уэсым хуэдэу хужьт,
и щхьэцыр щынэц къабзабзэм хуэдэт.
И тахътэр мафIэ бзийуэ лыдырт,
шэрхъыу щIэтхэри мафIэлыгъейт.
10 Абы къиу мафIэр уэру ежэхырт.
Мин IэджэАбы къыхуэлажьэрт,
и пащхьэ къитхэри бжыгъэншэт.
Хьэкумым щIидзэри, тхылъхэр къызэIуахащ.

11 АдэкIэ си нэр тедияуэ сыздэплъэм, бжьакъуэм пагэу
къипсэлъхэм седаIуэурэ, хьэкIэкхъуэкIэр яукIауэ къэс-
лъагъуху си нэр тезгъэкIакъым. Абы и хьэдэр мафIэм
хадзэри ягъэсыжащ. 12 Адрей хьэкIэкхъуэкIэхэм тепщэ-
ныгъэр къыIэщIахащ, ауэ зы зэманкIэ псэууэ къагъэнащ
я пIалъэр къэсыху.
13 А жэщым си нэгу щIэкIам сэ иджыри мыр щыслъэ-
гъуащ: пшэм хэту зыгуэр къакIуэрт, цIыхум[b] ещхьу. Ар
гъунэгъу къэхъури, Зи Махуэхэр Жьы Дыдэм бгъэдашащ.
14 Абы тепщэныгъи, щIыхьи, пащтыхьыгъуи иратащ,

a 7:2-7 Мы къэлъэгъуар зэрагъэнахуэ хабзэмкIэ, аслъэным къи-
гъэлъагъуэр – Бабылей пащтыхьыгъуэрщ, мыщэм – мыдхэмрэ
къэжэрхэмрэ я пащтыхьыгъуэрщ, щомыщым – Алыджырщ,
еплIанэ хьэкIэкхъуэкIэр – Урым пащтыхьыгъуэрщ. НэгъуэщIуи
зэрагъэнахуэм ипкъ иткIэ: мыщэр – Мыд пащтыхьыгъуэрщ, що-
мыщыр – Къэжэрырщ, еплIанэ хьэкIэкхъуэкIэр – Алыджырщ.
b 7:13 *цIыхум* – Мы псалъэр арамеибзэкIэ зэрытхар «цIыхум и къуэщ».

лъэпкъ псори, сыт хуэдэбзэкIэ псалъэхэри, цIыхуцIэ
зиIэ псори къыхуэлэжьэн щхьэкIэ. Абы и тепщэны-
гъэр – тепщэныгъэ мыкIуэдыжщ, зэи кIэух иIэнукъым,
и пащтыхьыгъуэри зэи къутэжынукъым.

### *ПщIыхьэпIэм къикIыр*

15 Сэ си псэр гузавэрт, си нэгум щIэкIа къомым сагъэ-
шынат. 16 Абдежым щытхэм я зым сыбгъэдыхьэри, а псом
ипэжыпIэкIэ къикIыр сыт жысIэри, сеупщIащ. ПщIы-
хьэпIэм къикIыр абы къызжиIащ: 17 «А хьэкIэкхъуэкIэ
абрагъуиплIыр – щIылъэм щыIэну пащтыхьиплIырщ.
18 Ауэ, иужькIэ, Я нэхъ Лъагэм хуэпэжхэм пащтыхьы-
гъуэр яIэщIыхьэнурэ, игъащIэ псокIэ кIэ имыIэу ахэр
тепщэнущ».
19 ИтIанэ сэ адрей зыми емыщхь еплIанэ хьэкIэкхъуэ-
кIэр, шынагъуэ Iейрэ узижэгъуэныр, зи дзэхэр гъущIрэ
зи лъэбжьанэхэр гъуаплъэр, къыIэщIыхьэхэр зэтезыу-
кIэурэ зэхэзышхыхьыр, къанэр лъакъуэкIэ зэхэзыутэжыр
ипэжыпIэкIэ зищIысыр къэсщIэну сыхуеящ. 20 Иджыри
сэ сщIэну сыхуейт абы и щхьэм тета бжьакъуипщIым
теухуауэ, итIанэ гъуэгу кърат щIыкIэу, бжьакъуищыр
къыхэхуу, абыхэм я пIэм къыхэкIа бжьакъуэми теу-
хуауэ – нэи жьэи зиIэу, пагэу псалъэу, адрейхэм нэхърэ
нэхъ бэлыхьлажьэу къыпщыхъум теухуауэ. 21 Сэ слъэгъуат
а бжьакъуэм Тхьэм хуэпэжхэм зауэ ярищIэкIыурэ зэры-
хигъэщIар, 22 Зи Махуэхэр Жьы Дыдэр къакIуэу, Езым
къыхуэпэжхэр хьэкумым щимыгъэхеиху. ИтIанэ игъуэ
хъури, абыхэм пащтыхьыгъуэр яIэщIыхьащ.
23 АдэкIэ абы къызжиIащ мыпхуэдэу: «ЕплIанэ хьэкIэ-
кхъуэкIэр зищIысыр, адрей пащтыхьыгъуэхэм емыщхьу,
щIылъэм тетыну еплIанэ пащтыхьыгъуэрщ; абы зэхиу-
тэурэ икIи зэтриукIэурэ щIылъэр зэрыщыту зэхишхы-
хьынущ. 24 БжьакъуипщIым къагъэлъагъуэр а пащты-
хьыгъуэм пащтыхьипщI къызэрыхэкIынурщ. Абыхэм
я ужькIэ, япэрей зыми емыщхьу, нэгъуэщI пащтыхьым

зыкъиӀэтынурэ адрейхэм ящыщу пащтыхьищ тридзынущ.
25 Абы псалъэ Ӏейхэр Я нэхъ Лъагэм хужиӀэнущ, Тхьэм
хуэпэжхэри хьэзабым хигъэтынущ; махуэ лъапӀэхэмрэ
Тхьэм и унафэхэмрэ ихъуэжынуи иужь итынущ. Тхьэм
хуэпэжхэр абы и ӀэмыщӀэм илъынущ илъэскӀи, илъэситӀкӀи, илъэс ныкъуэкӀи[a].

26 Ауэ хьэкум щыӀэнурэ, тепщэныгъэр абы къыӀэщӀахынущ, езыри игъащӀэкӀэ ягъэкӀуэдыжынущ.
27 Лъэщыгъэри,
тепщэныгъэри, уафэм и лъабжьэм щыӀэ пащтыхьыгъуэ
псоми я лъапӀагъэри Я нэхъ Лъагэр зыгъэпэж лъэпкъым
иратынущ. Абы и пащтыхьыгъуэр – пащтыхьыгъуэ
мыкӀуэдыжщ, икӀи дэтхэнэ зыри Абы хуэжыӀэщӀэу
хуэлэжьэнущ».

28 Абдежым щеух си хъыбарыр. А слъэгъуахэм сэ гупсысэгъейм сыхадзат, си фэри пагъэкӀат, ауэ зыми хуэзмыӀуатэу си гум щысхъумащ.

***ТӀымрэ ажэмрэ теухуауэ Данил къыхуэлъэгъуар***

**8** 1 Бэлъщэцар пащтыхьыр тахътэм зэрыдэкӀуейрэ
илъэс ещанэр екӀуэкӀыу, сэ иджыри хьэлэмэт гуэр
къысхуэлъэгъуащ, япэрейм нэмыщӀ. 2 Елам щӀыналъэм
ит Шушан[b] быдапӀэм сыщыӀэ хуэдэт. Улай кӀэнауэм
сыбгъэдэту зыслъагъужащ. 3 Зыкъэсплъыхьри, сэ гу лъыс-
тащ кӀэнауэ Ӏуфэм деж тӀы щыту. Абы и бжьакъуитӀыр

[a] 7:25 *илъэскӀи, илъэситӀкӀи, илъэс ныкъуэкӀи* – Арамеибзэ хьэрфхэм къарыкӀыр: «зы зэманкӀэ (пӀалъэкӀэ), зэманитӀкӀэ, зэман ныкъуэкӀэ».
[b] 8:2 *Шушан* – Иджырей Иран хэгъэгум ехьэлӀауэ къухьэпӀэмкӀэ щыӀэ къалэщ.

инт, ауэ зыр адрейм нэхърэ нэхъ лъагэт, иужькIэ къы-
зэрыкIам емылъытауэ. 4 КъухьэпIэмкIи, ищхъэрэкIи,
ипщэкIи зигъазэурэ а тIыр зэрыпыджэр сэ слъэгъуащ.
Зы псэущхьи абы къыпэувыфыртэкъым, абы укъезыгъэ-
лыни щыIэтэкъым. ТIым зыхуейр ищIэрт, кIуэ пэтми
нэхъ лъэщ хъурт.

5 Абы сеплъу сыздэщытым, асыхьэтым къухьэпIэмкIэ
ажэ къыщыхутащ, и лъакъуэхэр щIым лъэмыIэс жыхуаIэу,
ущу щIылъэ псом кърикIуэу. А псэущхьэм и натIэгум
нэм къыщIэуэу бжьакъуэшхуэ тетт. 6 БжьакъуитI тету,
кIэнауэ Iуфэм Iуту слъэгъуа тIым зыхуиунэтIауэ, узижэ-
гъуэну хъыжьэу хуэжэрт ар. 7 Сэ слъэгъуащ а ажэр нэхъ
ябгэж хъууэрэ тIым гъунэгъу зэрыхуэхъуар, абы еуэу и
бжьакъуитIыр зэрытриудар. ТIыр абы къыпэлъэщакъым;
ажэм ар щIым тридзэри зэхипIытIэжащ, ар къезыгъэлын
зыри щыIакъым. 8 Ажэр хуабжьу пагэ хъуащ, арщхьэкIэ
лъэщ дыдэ хъуащ иджы щыжыпIэм и бжьакъуэшхуэр
къутэри, абы и пIэм бжьакъуэшхуиплI къытекIащ, ду-
нейм и лъэныкъуиплIым зырызыххэу хуэгъэзауэ.

9 А бжьакъуэхэм языхэзым нэгъуэщI бжьакъуэ къы-
хэкIащ. ЯпэщIыкIэ ар цIыкIуу щытащ, ауэ иужькIэ
ипщэкIи, къуэкIыпIэмкIи, къэрал гъуэзэджэ жыхуа-
IэмкIи[a] хуабжьу зэкIэщIэкIащ. 10 Ар лъэщ хъури, уафэм
и дзэм зрипщытри, абы щыщ Iыхьи вагъуэхэм щыщ
Iыхьи щIылъэм къридзыхри зэхиутэжащ. 11 Абдежми
къыщымыувыIэу, зыкъыфIэщIыжауэ зиIэтурэ Уафэ
Дзэпщым зыхуигъадэри, Абы махуэ къэс хуащI къур-
мэныр щригъэгъэтащ, Абы и псэупIэ лъапIэр здэщыт
щIыпIэри игъэпудащ. 12 Къурмэным и гъусэу, Тхьэм и
дзэри а бжьакъуэм и IэмыщIэм иралъхьащ, и щIэпхъа-
джагъэхэр илэжьыху. Дин пэжыр абы щIым хиутэрт; и
Iуэхухэр хуабжьу къехъулIэрт[b].

[a] 8:9 *къэрал гъуэзэджэ жыхуаIэмкIи* – Зи гугъу ищIыр ИсрэIилырщ.
[b] 8:12 *Къурмэным...къехъулIэрт.* – Журтыбзэ текстым къикIыр на-
хуэкъым.

13 Абы и ужькIэ мелыIычитIым я псалъэмакъ сэ зэ-
хэсхащ. А тIум языр щIэупщIат: «Дапхуэдиз зэманкIэ
зэрекIуэкIынур махуэ къэс ящI къурмэным ехьэлIауэ
къэлъэгъуар, псэупIэ лъапIэмрэ Тхьэм и дзэмрэ зыгъэ-
пуду, лъапсэрыхыр абыхэм къахуэзыгъэкIуэну щIэп-
хъаджагъэм теухуар?» – жиIэри.
14 «Пщыхьэщхьэрэ пщэдджыжьу минитIрэ щищрэ
дэкIмэ, итIанэ псэупIэ лъапIэр къэщIэрэщIэжынущ», –
жиIэри, адрейм жэуап къитыжащ.

### *Данил къыхуэлъэгъуам къикIыр*

15 А къысхуэлъэгъуар дауэ къызгурыIуа хъунуми сегуп-
сысу, моуэ лIы теплъэ иIэу зыгуэр си пащхьэ къихутащ.
16 «ДжэбрэIил, абы къыхуэлъэгъуар гурыIуэгъуэ хуэщI»
жиIэу Улай кIэнауэм и щхьэкIэ къиIукIа макъыр сэ зэ-
хэсхащ.
17 Ар къакIуэу къыщызбгъэдыхьэм, сэ сышынэри нэкIу-
кIэ щIым зыхэздзащ. «ЗэгъащIэ, цIыху, а къыпхуэлъэ-
гъуар иужь зэманхэм зэрехьэлIар», – къызжиIащ абы.
18 Апхуэдэу зыкъыщысхуигъазэм, сэ лIам хуэдэу нэкIукIэ
сыхэIубауэ сыщылът, ауэ ар къызэIусэри сызэрыщытам
хуэдэу сыкъызэфIигъэувэжащ.
19 «Мыдэ къэдаIуэ, – къэпсэлъащ ар, – сэ бжесIэнущ
губжь зэманым и кIэухым къэхъунур, къыпхуэлъэгъуар
зэхьэлIар кIэух лъэхъэнэрщ. 20 Уэ плъэгъуа бжьакъуитI
зытет тIыр мыдхэмрэ къэжэрхэмрэ я пащтыхьхэрщ.
21 Ажэр – Алыдж пащтыхьыгъуэрщ, абы и натIэгум те-
та бжьакъуэшхуэр алыджхэм япэу яIэну пащтыхьырщ.
22 Япэ бжьакъуэр къута нэужь абы и пIэм къыхэкIыкIа
бжьакъуиплIыр – ар а лъэпкъым къыхэкIыну пащты-
хьыгъуиплIырщ, ауэ япэрейм хуэдэу ахэр лъэщынукъым.
23 А пащтыхьыгъуэхэм я кIэух махуэхэм, хабзэншагъэм
и пщалъэр гъэнщIа хъуа нэужь, гущIэгъуншэ Iейрэ бза-
джейуэ пащтыхь къэунэхунущ. 24 Ар хуабжьу лъэрызе-
хьэ хъунущ, ауэ езым и къарукIэкъым. Зэи ямылъэгъуа

мыгъуагъэ куэд абы илэжьынущ, сыт ищIэми къехъулIэ-
нущ. Лъэщхэри Тхьэр зыгъэпэж лъэпкъри абы игъэкIуэ-
дыну пылъынущ. [25] Хьэгъэщагъэ хуекIуэурэ, абы и мурад
бзаджэхэр зригъэхъулIэнущ, хуабжьуи зыкъыфIэщIы-
жынущ. Игъэбэлэрыгъыурэ, абы куэд игъэунэхъунущ,
тепщэхэм я Тепщэжми пэщIэувэнущ. ИкIэм-икIэжым
ар хагъэщIэнущ, ауэ цIыху къарукIэкъым.

[26] Пщыхьэщхьэрэ пщэдджыжьу минитIрэ щищым
теухуауэ къыпхуззэIуахар пэжщ, ауэ ар ущэхуауэ хъумэ,
къэхъун ипэ зэманышхуэ дэкIын хуейщи».

[27] Сэ сызэхэукIауэ махуэ зыбжанэкIэ сысымаджэу
сыхэлъащ. ИужькIэ сытэджри пащтыхьым и Iуэхухэм
сыпэрыхьэжащ. Къысхуэлъэгъуам хуабжьу сыкъигъэу-
Iэбжьат икIи ар къызгурыIуэртэкъым.

### *И лъэпкъым щхьэкIэ Данил тхьэ зэрелъэIуар*

**9** [1] Бабылей пащтыхьыгъуэм Ахъийшурэщ[a] и къуэ Да-
рий, мыд лъэпкъым щыщыр, пащтыхьу щытрагъэува
гъэр екIуэкIырт. [2] Ар тахътэм щыдэкIуея гъэм, сэ Тхыгъэ
ЛъапIэхэм седжэурэ, Зиусхьэным Ирмий бегъымбарым
къыхуригъэха псалъэм ипкъ иткIэ, Ерусалим илъэс
блыщIкIэ зэхэкъутарэ бгынэжауэ щытын зэрыхуейр
къызгурыIуащ. [3] Сэ нэщI сихьэри, щыгъуэ щыгъынхэр
щыстIэгъауэ, сахуэр си щхьэм тезгъэщащэурэ, си Тепщэу
си Тхьэм хуабжьу селъэIун щIэздзащ.

[a] 9:1 *Ахъийшурэщ* – Зи гугъу ищIыр Сэфирэт и Тхылъыр зытепсэлъыхь Ахъийшурэщ пащтыхьыркъым; зи цIэ къриIуэр хэтми нахуэкъым.

4 Зиусхьэну си Тхьэм селъэIурт сэ, си лъэпкъым и гуэ-
ныхьхэмкIэ зызумысыжыурэ:
«Тепщэу си Тхьэ ин, телъыджэ! Уи лъэпкъым еп-
щIылIа зэгурыIуэныгъэр пхъумэу, фIыуэ укъэзылъа-
гъуу уи унафэхэр зыгъэзащIэхэм Уэ уахуэпэжщ. 5 Ауэ
дэ гуэныхь къэтхьащ, щIэпхъаджагъэ длэжьащ. Уи
унафэхэмрэ уи хабзэхэмрэ IэщIыб тщIыри, бзаджа-
щIэ дыхъуауэ дыппэщIэуващ. 6 Ди пащтыхьхэми, ди
Iэтащхьэхэми, ди адэжьхэми, ди хэкум лъэпкъыу ис
псоми уи цIэкIэ зыкъытхуэзыгъазэу щыта уи бегъым-
бархэм дедэIуакъым.
7 Си Тепщэ, Уэ ущыпкъэщ – дэ нобэкIэ дынапэтехщ.
Уэ дызэрыпхуэмыпэжам къыхэкIкIэ, дэ псори – ехьу-
дейхэри, Ерусалим дэсхэри, дызыхэбгуэша къэралхэм
щыпсэухэу жыжьэуи гъунэгъууи щыIэхэри – исрэIил
лъэпкъыр зэрыщыту дынапэтехщ. 8 Зиусхьэн, дэ ди
пащтыхьхэми, ди Iэтащхьэхэми, ди адэжьхэми емы-
кIушхуэ къэтхьащ, уи пащхьэ гуэныхь зэрыщытщIам-
кIэ. 9 Ди Тепщэу ди Тхьэ, Уэ угущIэгъулыщи, ди гуэ-
ныхьхэр къытхуэбгъэгъуну ухьэзырщ, дыппэщIэувами:
10 Уэ, Зиусхьэну ди Тхьэм, динодэIуакъым, уи пщылI
бегъымбархэм къыдебгъэта хабзэхэм дадызекIуакъым.
11 ИсрэIил псор уи Унафэм ебакъуэри, я щIыб къыпхуа-
гъэзащ, къодэIуэну хуэмейуэ. Абы кърикIуэу, гыбзафэ
щIыIэу Тхьэм и бегъымбар Мусэ и Хабзэм итхэр къыт-
техуащ, Уэ уи пащхьэ гуэныхь щыдлэжьати. 12 Уэ нэлат
псалъэу дэри ди Iэтащхьэхэми къытхужыпIа псори
къэбгъэхъуащ, насыпыншагъэшхуэ къытхуэбгъакIуэ-
ри. Уафэм и лъабжьэм зэи къыщымыхъуар Ерусалим
къыщыщIащ. 13 А насыпыншагъэ Iейр къыттепсыхащ
Мусэ и Хабзэм зэритым хуэдэу, итIани Уэ уи гущIэгъу
дылъыхъуакъым, ди гуэныхьхэр къэдмыгъанэурэ, уи
псалъэр зэрыбгъэпэжыр къытфIэмыIуэхуурэ. 14 Ди
Тхьэ, Уэ уи Iуэху псомкIи узахуэщ, дэ дынодэIуатэ-
къыми, бэлыхьрэ бэIутIэIуу тхуэбгъэхьэзырар къыт-
хуэбгъэкIуащ.

15 Уэ, Тепщэу ди Тхьэ, уи къару иныр бгъэлъагъуэу
уи лъэпкъыр Мысырым къипшыжри, абыкIэ уи цIэр
цIэрыIуэ хъуауэ, нобэр къыздэсми ягъэлъапIэ, ауэ дэ
гуэныхь тщIащ, къуаншагъэ длэжьащ. 16 Иджы, ди гуэ-
ныхьхэмрэ ди адэжьхэм я хабзэншагъэмрэ къыхэкIыу,
Ерусалим къалэри уи лъэпкъри къэзыухъуреихь адрей
щIыналъэ псоми щIэнакIалъэ щыхъуащ. Ди Тепщэ, сыт
щыгъуи уи лъэпкъым ухуэпэжу, къебгъэлу зэрыщытам
и хьэтыркIэ, уи губжь иныр Ерусалим, уи бгы лъапIэм,
щхьэщыхыж.
17 Иджы, ди Тхьэ, уи пщылIыр хуабжьу къызэро-
лъэIур зэхэх! Ди Тепщэ, уи псэупIэ лъапIэ зэхэкъутам
нэфIкIэ къеплъыж – Уэ Езым уи хьэтыркIэ. 18 Къыс-
щIэдэIуи, си Тхьэ, сызэхэх; уи нэр къызэтехи уи цIэр
зезыхьэ ди къалэр зэрызэхэкъутам къеплъ. Дэ ди за-
хуагъэм и хьэтыр плъагъуну дынолъэIуркъым, атIэ уи
гущIэгъу инырщ дызыщыгугъыр. 19 Си Тепщэ, сызэхэх!
Си Тепщэ, къытхуэгъэгъу! Си Тепщэ, гулъытэ къыт-
хуэщI, думыгъэщIэхъу! Си Тхьэ, зумыIэжьэ, Уэ Езым
уи хьэтыркIэ, уи цIэр уи къалэми уи лъэпкъми зэры-
зэрахьэм къыхэкIкIэ».

### *Блыурэ блыщIым къикIыр*

20 Апхуэдэу Зиусхьэну си Тхьэм селъэIурт сэ, си гуэ-
ныхьхэмкIи си исрэIил лъэпкъым и гуэныхьхэмкIи зы-
зумысыжыурэ. СелъэIурт Тхьэм и бгы лъапIэм щхьэкIи.
21 ТхьэлъэIум сыздыпэрытым, япэм къысхуэлъэгъуауэ
щыта ДжэбрэIил, псынщIэу къэлъатэри, гъунэгъу зы-
къысхуищIащ. Ар къыщыхъуар пщыхьэщхьэ къурмэныр
щащI зэманым ирихьэлIэущ.
22 «Данил, сэ сыкъыщIэкIуар зэхэщIыкIыныгъэ уэстын
папщIэщ, – къызжиIащ абы, сиущийурэ. 23 – Уэ Тхьэм
уфIэлъапIэщи, елъэIун зэрыщIэбдзэу жэуап къуатыжащ.
Ар ныбжесIэн щхьэкIэщ сэ сыкъыщIэкIуар. Аращи, бы-
дэу къэдаIуи, къыпхуеха псалъэр зыгурыгъаIуэ:

24 Блыурэ[a] блыщI пIалъэ уи лъэпкъми уи къалэ лъа-
пIэми хухахащ, щIэпхъаджагъэмрэ гуэныхьхэмрэ кIэ
ирату, къуаншагъэр ягъэзэкIуэжын щхьэкIэ; захуагъэр
игъащIэкIи хабзэу ягъэувыу, бегъымбарIуатэу къэлъэ-
гъуам мыхъурыр традзэу, я нэхъ лъапIэ дыдэ щIыпIэр[b]
ягъэнэхун[c] папщIэ.
25 ЗэгъащIэ икIи зыгурыгъаIуэ: Ерусалим зэфIагъэ-
увэжыну, дращIеижыну унафэ къыщыдэкIынум щы-
щIэдзауэ Тхьэм къыхиха[d] Тепщэр[e] къэкIуэху блыурэ
блыи блыурэ хыщIрэ тIуи дэкIынущ. Къалэр яухуэжы-
нущ – утри къуэтIыгъэхэри, ауэ зэман гугъуу щытынущ
а лъэхъэнэр.
26 Блыурэ хыщIрэ тIур дэкIа нэужь, Тхьэм къыхихар
ажалым иратынущ, псоми къагъэнауэ[f]. КъэкIуэну па-
шэм и дзэм[g] къалэри псэупIэ лъапIэри зэхикъутэнущ;
псыдзэр къызэрыкIуэм хуэдэу зэшэзэпIэу абыхэм кIэу-
хыр ягъуэтынущ; зауэр и кIэм нэсыхукIи лъапсэрыхыу
щытынущ. 27 Абы зы блым и кIыхьагъкIэ зэгурыIуэны-
гъэ быдэ куэдым ирищIылIэнущ, а блым и кум хуэзэу
къурмэнхэри тыгъэхэри щригъэгъэтынущ. ПсэупIэ
лъапIэм лъапсэрыхыр къыхуэзыгъэкIуэн гущыкI теп-
лъэ зиIэ щагъэувынущ, зэрыпхъуакIуэм хуауха кIэухыр
имыгъуэтыху».

---

a 9:24 *Блыурэ* – Е «тхьэмахуэурэ». Апхуэдэуи еплъ 25-нэ, 26-нэ пы-
чыгъуэхэм.
b 9:24 *я нэхъ лъапIэ дыдэ щIыпIэр* – Е «я нэхъ лъапIэр».
c 9:24 *ягъэнэхун* – ЖуртыбзэкIэ: «(дагъэ) щыхуэн».
d 9:25 *Тхьэм къыхиха* – ЖуртыбзэкIэ: «Машиах», «дагъэ зыщыхуа»
къызэрыкIщ.
e 9:25 *Тепщэр* – Е «тепщэр».
f 9:26 *псоми къагъэнауэ* – Журтыбзэ текстым къыщыкIуэ псалъэхэм
къарыкIыр нахуэкъым.
g 9:26 *дзэм* – Е «лъэпкъым».

### *Данил Даджлат и Іуфэм къыщыхуэлъэгъуар*

**10** [1] Къэжэр пащтыхьыгъуэм Кир зэрытеувэрэ ещанэ
гъэр екІуэкІыу[a], Данил, иджыри БэлътэщэркІэ
зэджэм, псалъэ къыхуехащ. Абы и хъыбарыр пэжщ, зы-
теухуар бэнэныгъэ инщ. Къыхуеха псалъэр абы зэхи-
щІыкІащ – а къыхуэлъэгъуам къыщыгурыІуащ.

[2] Абы щыгъуэ сэ тхьэмахуищ енкІэ хуабжьу сынэщ-
хъеят. [3] А зэманым кърикубыдэу, ерыскъы хэплъыхьаи,
лыи, сани си жьэм хуэсхьатэкъым, мэ гуакІуэ къызыпих
дагъи зыщысхуатэкъым.
[4] Япэ мазэм и тІощІрэ еплІанэ махуэм Даджлат псыш-
хуэм и Іуфэм сыІутт. [5] Си напІэр къэсІэтрэ сыплъэмэ,
къызолъагъу лІы гуэр щыту: чэтэн щыгъынхэмкІэ ху-
эпарэ и бгым дыщэзэрылэу[b] бгырыпх щІэлъу. [6] Абы и
Іэпкълъэпкъыр мывэ лъапІэм хуэдэу нурыбэт, и нэкІур
щыблэм хуэдэу лыдырт, и нитІыр мафІэ бзийм хуэдэу
къаблэрт, и Іэхэмрэ и лъакъуэхэмрэ гъуаплъэ гъэцІууам
хуэдэу зэщІэпщІыпщІэрт. Щыпсалъэм щыгъуэ и макъыр
цІыху куэдым я макъым хуэдэт.
[7] Сэ си закъуэщ ар къызыхуэлъэгъуар; си гъуса цІыху-
хэм ар ялъэгъуакъым, ауэ ахэр апхуэдизкІэ шынагъэм
зэщІищтати, зэбгрыжри загъэпщкІуащ. [8] Си закъуэ сы-
къанэри, а къэлъэгъуа телъыджэм сеплъащ. Си къарур
щІэкІауэ, жанагъ схэмылъыжу ерагъмыгъуейуэ сызэфІэтт.
[9] Абы и макъыр зэрызэхэсхыу, сэ сыджалэри, лІам хуэдэу,

---

[a] **10:1** Ди лъэхъэнэр къиихьэным ипэ 536 гъэрщ; абы щыгъуэм, Данил илъэс 80-м щІигъут.

[b] **10:5** *дыщэзэрылэу* – Е «Уфаз къыщыщІаха дыщэм къыхэщІыкІауэ».

нэкIукIэ щIым сыхэIубауэ сыщылъащ. 10 Ауэ зыгуэр къы-
зэIусэри, сыкIэзызурэ хьэлъакъуиплIу сыкъигъэуващ.
11 «Тхьэм фIэлъапIэу Данил! – зыкъысхуигъэзащ абы, –
иджы сэ уэ сыкъыпхуагъэкIуащи, къызэфIэуви, ныбжес-
Iэну псалъэхэр зыгурыгъаIуэ». Абы ар къызжиIа нэужь,
сэ сыкIэзызурэ сыкъэтэджащ.
12 ИтIанэ абы адэкIэ къыпищащ: «Умышынэ, Данил!
ЗэхэщIыкIыныгъэ улъыхъуэу, Тхьэм и пащхьэ уи щхьэр
бгъэлъахъшэн щыщIэбдза махуэ дыдэм уи лъэIур зэ-
хахри, жэуапыр къыпхуэсхьыну сыкъагъэкIуат, 13 ауэ
Къэжэр пащтыхьыгъуэм и тепщэр[a] махуэ тIощIрэ зыкIэ
къыспэщIэтащ. Апхуэдэу къэжэр пащтыхьхэм си закъуэ
сакъыщыбгъэдэнэм, тепщэ нэхъ лъагэхэм яз МыхьэIил
къакIуэри къыздэIэпыкъуащ. 14 Иджы уи деж сыкъэкIуащ,
лъэхъэнэм и кIэм уи лъэпкъым къыщыщIынур ныбжесIэн
щхьэкIэ, къыпхуэлъэгъуар зэхьэлIар а махуэхэращи».
15 Абы ар апхуэдэу къыщызжиIэм, си напIэр есхьэхри,
си бзэр иубыдащ. 16 Абдежым цIыху теплъэ зиIэ гуэр си
Iупэм къеIусэщ, си бзэр къиутIыпщыжри, си пащхьэ
къитым зыхуэзгъэзащ: «Си зиусхьэн, – жысIащ сэ, – мы
къысхуэлъэгъуам апхуэдизу сызэхиукIащи, зы къару
къысхэнэжакъым. 17 Дауэ сэ, уи пщылIыр, сызэрынопсэ-
лъэнур? Зы къару схэтыжкъым, ерагъкIэщ сызэрыбауэр».
18 Аргуэру а цIыху теплъэ зиIэр къыстеIэбэри къару
къысхильхьащ. 19 «Умышынэ, Тхьэм фIэлъапIэ! Зыри
къыпщыщIынукъым. ЛIыгъэ зыхэгъэлъ, уи гур гъэбыдэ!»
къызжиIащ абы. Абдежым, си гур къызэрыгъуэтыжри,
«Къызэпсалъэ, си зиусхьэн, уэ къару къысхэплъхьэжащ»
жесIащ.
20 ИтIанэ ар къызэупщIащ: «Сэ уи деж сыкъыщIэ-
кIуар пщIэрэ? – жиIэри. – Дауи, куэд мыщIэу сэ згъэ-
зэжын хуейщ, Къэжэрым я тепщэм сезэуэн щхьэкIэ,
ар зэфIэкIмэ, Алыджым я тепщэр къэкIуэнущ. 21 Ауэ

---

[a] 10:13 *тепщэр* – Зи гугъу ищIыр мелыIыч е мелыIычхэм хуэдэ гуэр къыщIэкIынщ.

япэщIыкIэ Пэжыгъэ Тхылъым итыр ныбжесIэнущ.
(Абыхэм сапэщIэтыныр зыми къыздиIыгъыркъым сэ,
фи тепщэ МыхьэIил фIэкIа.

11 [1] Сэри мыд лъэпкъым щыщ Дарий и тетыгъуэ
япэ илъэсым МыхьэIил къарууэгъу сыхуэхъуу
зыщIэзгъэкъуауэ щытащ.)

### *Ипщэ пащтыхьхэмрэ ищхъэрэ пащтыхьхэмрэ*

[2] Аращи, сэ пэжыр ныбжесIэнущ: Къэжэрым иджы-
ри пащтыхьищым зыкъыщаIэтынущ, иужькIэ теувэну
еплIанэр япэрейхэм нэхърэ хуабжьу нэхъ бей хъунущ.
МылъкукIэ абы лъэкIыныгъэ зригъэгъуэтынурэ, Алыдж
пащтыхьыгъуэм псори пэщIигъэувэнущ. [3] Абы щыгъуэ
пащтыхь-зауэлI къэунэхунурэ, IумпIэр ткIийуэ иIыгъы-
нущ, зыхуейри ищIэнущ. [4] Ауэ лъэщ дыдэ хъуащ иджы
щыжаIэм, и пащтыхьыгъуэр зэтещэхэнурэ дунейм и
лъэныкъуиплIым хэгуэша хъунущ, езым и щIэблэм ар
лъысыжынукъым, езыр зэрытепща гуащIэм хуэди къы-
хэнэжынукъым, уанэгур абы къыIэщIачынурэ хамэхэм
IэщIалъхьэнущи.
[5] Ипщэ пащтыхьыр[a] бланэ хъунущ, ауэ абы и дзэпщхэм
языр лъэщыгъэкIэ къытекIуэнурэ, къаруушхуэкIэ тепщэ-
нущ. [6] Илъэс зыбжанэ дэкIынурэ ищхъэрэ пащтыхьымрэ
ипщэ пащтыхьымрэ зэухылIэныгъэ зэращIылIэнущ.

---

[a] **11:5-45** *Ипщэ пащтыхьхэр* жыхуаIэр мысыр пащтыхьхэу Птолемей и лъэпкъым къыхэкIахэрщ, *ищхъэрэ пащтыхьхэр* – Селевкид и лъэпкъым къыхэкIа пащтыхьхэу Азием и къухьэпIэ Iыхьэр зи IэмыщIэ илъахэрщ.

Ипщэ пащтыхьым и пхъур ищхъэрэм дэкIуэнущ, я зэ-
ухылIэныгъэр бидэ ищIын папщIэ, арщхьэкIэ а цIы-
хубзым бжьыпэр хуэIыгъынукъым, ар зратари уанэгум
исыжыфынукъым. Зы зэман къэсынурэ, а цIыхубзри,
абы дэщIыгъуахэри, и бынри, зыкъыщIэзыгъакъуэу щы-
тари ягъэкIуэдынущ.
[7] Ауэ абы и лъабжьэм и зы къуэпс тахътэм дэкIуеи-
нущ. Ар ищхъэрэ пащтыхьым и дзэм ебгъэрыкIуэнурэ
и быдапIэм дэзэрыгуэнущ, къыпэщIэхуэр зэтриукIэу-
рэ текIуэныгъэр къихьынущ. [8] Дыжьынымрэ дыщэмрэ
къыхэщIыкIа хьэпшып лъапIэхэм дэщIыгъуу, абыхэм я
тхьэ нэпцIхэм я сурэт гъэжахэр нэгъунэ зэщIикъуэну-
рэ Мысырым ихьыжынущ. Илъэс заулкIэ абы ищхъэрэ
пащтыхьым и Iуэху зэрихуэнукъым. [9] ИтIанэ ищхъэрэ
пащтыхьыр ипщэм и щIыналъэм теуэнущ, арщхьэкIэ
и хэкум игъэзэжын хуей хъунущ. [10] Абы и къуэхэм за-
уэм зыхуагъэхьэзыру дзэшхуэ зэхашэнущ икIи псыдзэ
къиуам хуэдэу зрачынурэ, бийм зыщигъэбыда щIыпIэм
нэсынущ.
[11] Ипщэ пащтыхьыр губжьынурэ ищхъэрэм теуэнущ.
Мыдрейм дзэшхуэ зэригъэпэщынущ, ауэ ахэр бийм
IэщIыхьэнущ. [12] А дзэ фIыцIэр зэригъэкIуэдам ипщэ пащ-
тыхьыр пагэ ирихъунущ. Абы мин куэд зэтриукIэнущ,
арщхьэкIэ и тепщэныгъэр хуэхъумэжынукъым — [13] ищ-
хъэрэ пащтыхьым япэрейм нэхърэ нэхъ лъэщу нэгъуэ-
щIыдзэ зэхишэнущ икIи илъэс зыбжанэ дэкIа нэужь
хуабжьу зэщIэузэдауэ къытеуэжынущ.
[14] А зэманым ипщэ пащтыхьым куэд пэщIэувэнущ.
Къэлъэгъуар зэщIэн папщIэ, уи лъэпкъым щыщ Iэлхэми
зыкъаIэтынущ, ауэ абыхэм зыри къехъулIэнукъым. [15] Абы
щыгъуэ ищхъэрэ пащтыхьыр къэкIуэнущ, мывэ къалэр
къызэритIысыхьыну Iуащхьэ дрищIеинурэ, ар иубыды-
нущ. Ипщэхэр ищхъэрэм пэщIэтыфынукъым, хэплъыхьа
я дзэри пэлъэщынукъым, я къарур яхурикъунукъыми.
[16] ЗэрыпхъуакIуэм зыхуейр ищIэнущ, зыри абы къытекIуэ-
нукъым. Хэку гъуэзэджэ жыхуаIэм зыщигъэбыдэнурэ ар

игъэкIуэдынуи лъэкIыныгъэ иIэнущ. [17] Пащтыхьыгъуэ
псори лъэгущIэт ищIыну[a] и мураду, абы и бийм зэгурыIуэ-
ныгъэ ирищIылIэнурэ ипхъур абы щхьэгъусэу иритынущ,
игъэунэхъун щхьэкIэ, арщхьэкIэ зыри къикIынукъым,
зыхуейр къехъулIэнукъым. [18] Апхуэдэу щыхъум, ищхъэ-
рэ пащтыхьым хы Iуфэм къыбгъэдэлъ щIыналъэхэм нэ
щихуэнурэ, абыхэм ящыщ куэдыр къиубыдынущ, ауэ зы
дзэ пашэ гуэр къыпэувынурэ, абы и шынагъэншагъэм
кIэ иритынущ, и напэншагъэри и щхьэм иригъэкIуэжы-
нущ. [19] Ищхъэрэ пащтыхьыр икIуэтыжынурэ, и хэкум ит
и быдапIэхэмкIэ иунэтIынущ, арщхьэкIэ хагъэщIэнурэ,
и лъэужьи къэмынэу сэхыжынущ.

[20] Абы и пIэм иувэнум хьэкъулэ хэзых и пащтыхьы-
гъуэм хиутIыпщхьэнущ, пщIэрэ-щIыхьрэ зригъэгъуэ-
тын папщIэ. Заул дэкIынурэ ари щыIэжынукъым, ауэ
зауэ-банэкъым зыхэкIуэдэнур.

[21] Иужьрейм и пIэ цIыху мыфэмыц иувэнущ, пащтыхь
тахътэр хуэмыфэщауэ. ЗэкъуэхуаУэ иригъэхьэлIэнурэ,
абы щэхурыпхъуэу пащтыхьыгъуэр зыIэригъэхьэнущ.
[22] Абы дзэшхуэхэр, псым трилъэсыкIам хуэдэу, игъэбзэ-
хынущ, дин лъапIэм и Iэтащхьэм[b] щIыгъуу ахэр игъэ-
кIуэдынущ. [23] Абы зэухылIэныгъэ иращIылIа нэужьи
игъэпэжынукъым. И телъхьэхэр куэд мыхъунуми, къару
игъуэтынущ. [24] Уащхъуэдэмыщхъуэу щIыналъэ бэвы-
лъэхэм теуэурэ, и адэми и адэжьхэми яхузэфIэмыкIар
ярищIэнущ. Къуентхъхэр – мылъкурэ фIыгъуэу къихъун-
щIахэр и дамэщIэтхэм яхуигуэшынущ, мывэ къалэхэр
зэриубыдыным яужь итынущ, арщхьэкIэ зы зэманым
нэсыхукIэщ. [25] Къарууэ иIэр зэщIикъуэнурэ, дзэшхуэр
щIыгъуу ипщэ пащтыхьым хъыжьэу ебгъэрыкIуэнущ.
Ипщэ пащтыхьым зауэм дзэшхуэ лъэщ кърищэлIэнущ,

---

[a] **11:17** *Пащтыхьыгъуэ псори лъэгущIэт ищIыну* – Е «И пащтыхьыгъуэм къарууэ иIэр щIыгъуу зэуэну».

[b] **11:22** *дин лъапIэм и Iэтащхьэм* – ЖуртыбзэкIэ: «ЗэгурыIуэныгъэм и Iэтащхьэм». ЗэгурыIуэныгъэ жыхуиIэр Тхьэм езымрэ исрэIил лъэпкъымрэ я кум дилъхьа зэгурыIуэныгъэрауэ къыщIэкIынщ.

арщхьэкӀэ Ӏуэху щэху хузэӀуащэнурэ къыхагъэщӀэнущ.
[26] И Ӏэнэгъуу щытахэм абы и унагъуэбжэр хурагъэщӀы-
жынущ, и дзэри, псыдзэм ихьам хуэдэу, ягъэбзэхынущ,
зауэм куэд хэкӀуэдэнущ. [27] ПащтыхьитӀми мурад мыгъуэ
зэхуащӀауэ зы Ӏэнэ зэдэтӀысынурэ пцӀы зэхуаупсынущ,
арщхьэкӀэ я Ӏуэху къехъулӀэнукъым, кӀэухыр къыщысын
хуей зэманыр абы щыгъуэкъыми. [28] Ищхъэрэ пащтыхьым
мылъкушхуэ иӀыгъыу и лъахэмкӀэ иунэтӀыжауэ гъуэ-
гуанэ здытетым, и гур дин лъапӀэр зыӀыгъ лъэпкъым
хуэплъынурэ и мурад бзаджэр зригъэхъулӀэнущ. ИтӀа-
нэщ и хэкум щигъэзэжынур.
[29] И пӀалъэр къызэрысу, ар аргуэру ипщэкӀэ зекӀуэ
ежьэнущ, ауэ япэрей зэфӀэкӀыр иӀэжынукъым. [30] Кыт-
тим[a] щыщ кхъухьхэр къыпэувынурэ, и гур кӀуэдынущ.
ИкӀуэтыжынурэ, и губжьыр дин лъапӀэр зыӀыгъхэм три-
къутэнущ, ар ӀэщӀыб зыщӀахэми нэфӀкӀэ еплъынущ. [31] Абы
и зауэлӀхэм быдапӀэу Тхьэм и Унэр яуфӀеинурэ махуэ
къэс ящӀ къурмэныр щрагъэгъэтынущ икӀи а щӀыпӀэм
лъапсэрыхыр къыхуэзыгъэкӀуэн гущыкӀ теплъэ зиӀэ
щагъэувынущ. [32] Дин лъапӀэр ӀэщӀыб зыщӀахэм бзэӀэфӀ
захуищӀурэ, ахэр къигъэӀулэнущ, ауэ Тхьэм хуэпэжхэр
абы быдэу къыпэщӀэтынущ.
[33] Уи лъэпкъым щыщ цӀыху Ӏущхэм куэд яущиинущ,
ауэ ахэр зы зэманкӀэ ямыгъэпсэууэ щӀахуэнущ – джа-
тэкӀэ яукӀынущ, мафӀэкӀэ ягъэсынущ, гъэр ящӀынущ,
яхъунщӀэнущ. [34] Абы щыгъуэми ахэр дэӀэпыкъуэгъуншэ
дыдэу къэнэнукъым, ауэ куэдыр фэрыщӀу абыхэм къа-
гухьэнущ. [35] Ӏущхэм ящыщ языныкъуэхэр псэдзыгъэу
кӀуэдынущ. Апхуэдэ гъэунэхуныгъэхэм ахэр, дыщэр
ягъэткӀуу зэракӀыщтэжым хуэдэу, нэхъ къабзэж ящӀы-
нущ, иужь зэманыр къэсыхукӀэ – кӀэух сыхьэтыр иджы-
ри къэсакъыми.

---

[a] 11:30 *Кыттим* – Ехьудей хэкум и къухьэпӀэ лъэныкъуэмкӀэ Хыщхъуэ зэуалӀэ щӀыналъэхэм щыпсэу лъэпкъхэрщ. Зи гугъу ищӀыр Урымым и дзэу къыщӀэкӀынщ.

36 Пащтыхьым зыхуейр ищIэнущ. Хуабжьу зигъэпа-
гэу, сыт хуэдэ тхьэми ефIэкIыу зыкъилъытэжынущ,
зэи къызэрымыхъуауэ, нэмысыншэу, тхьэхэм я Тхьэ-
жым жьэ бзаджэ хузэщIихынущ. Тхьэм и губжьыр
мытIысыжыху, абы зыхуейр къехъулIэнущ[a], Тхьэм
иухар къэхъун хуейщи. 37 Абы сыт хуэдэ тхьэри къы-
фIэIуэхунукъым, и адэжьхэм я тхьэхэри цIыхубзхэм
фIыуэ ялъагъу тхьэри зыуи къридзэнукъым, езым а
псом нэхърэ нэхъ лъагэу зилъытэнущ. 38 Абыхэм я пIэ-
кIэ, и адэжьхэм ямыдэу щытам, быдапIэхэм я тхьэм,
пщIэшхуэ хуищIынущ, дыщэкIи, дыжьынкIи, нал-
къутналмэсхэмкIи, дунейм тет фIыгъуэхэмкIи хуэуп-
сэу игъэлъэпIэнущ. 39 Хамэтхьэм и дэIэпыкъуныгъэкIэ
быдапIэ нэхъ лъэщ дыдэхэр зэхикъутэнущ[b]. Езыр зы-
лъытэхэм пщIэшхуэ яхуищIурэ, куэдым я Iэтащхьэу
тригъэувэнущ, саугъэт папщIэуи щIыналъэхэр яхуи-
гуэшынущ.
40 КIэух зэманхэм абы ипщэ пащтыхьым зауэ къри-
щIылIэнущ. АршхьэкIэ ищхъэрэ пащтыхьыр, борэным
хуэдэу, шыгу жэрхэр, шухэр, кхъухь Iэджэр щIыгъуу,
ипщэм тезэрыгуэнущ. Къэрал зэмылIэужьыгъуэхэми
псыдзэм хуэдэу ар ирикIуэнущ. 41 ЩIыналъэ гъуэзэ-
джэми ар ихьэнущ, куэдыр хигъэщIэнущ; абы къелы-
нухэр Едомей, МоIэбей хэкухэмрэ Амон лъэпкъым и
нэхъыбапIэмрэщ[c]. 42 Абы и тепщэныгъэм къэрал зэ-
мылIэужьыгъуэхэм зыщригъэубгъунущ, Мысырри абы
къелынукъым. 43 Мысырым дыщэуи дыжьынуи яIэр, я
хъугъуэфIыгъуэ псори, я къулеигъэри абы зыIэщIилъ-
хьэнущ, ливий, куш[d] лъэпкъхэри лъэгущIэт ищIынущ.

---

[a] **11:36** *Тхьэм и губжьыр мытIысыжыху* – ЖуртыбзэкIэ: «губжьым кIэух имыгъуэтыху».

[b] **11:39** Е «Хамэтхьэм хуэпщылI зауэлIхэмкIэ и быдапIэхэр лъэщ ищIынущ».

[c] **11:41** *нэхъыбапIэмрэщ* – Е «пэрытхэмрэщ».

[d] **11:43** *куш* – СуданыщIым и зэхуэдитIымрэ Мысыр щIыналъэм и ипщэ лъэныкъуэм щыIэ щIыгухэмрэщ.

44 Ауэ къуэкIыпIэмрэ ищхъэрэкIэ къикIыну хъыбархэм
ар ягъэгузэвэнурэ, и нэм щIы имылъагъужу къагъэгуб-
жьынущ икIи куэдыр хьэлэчыпцIэ зэтрищIэну, лъап-
сэрыхыр къахуигъэкIуэну ежьэнущ. 45 Абы и пащтыхь
шэтырхэр хымрэ бгы лъапIэ гъуэзэджэмрэ я зэхуакум
щигъэувынущ. АрщхьэкIэ езым кIэ игъуэтынущ, зыри
абы къыдэIэпыкъунукъым.

### *Иужь зэманым къэхъунухэр*

**12** 1 А зэманым уи лъэпкъым къыщхьэщыт МыхьэIил,
тепщэ иныр, къэунэхунущ. Лъэпкъхэр зэрыщы-
Iэрэ зэи къэмыхъуауэ, гузэвэгъуэ зэман къэкIуэнущ. Ауэ
узыщыщыр къелынущ – зи цIэр ГъащIэм и Тхылъым
иту къагъуэтыну дэтхэнэри.

2 ЩIым хэлъу жейхэм ящыщ куэдыр къызэщыу-
жынущ:
языныкъуэхэр мыкIуэдыж гъащIэм къыхуэушы-
жынущ;
адрейхэр игъащIэ псокIи я напэр текIыным къы-
хуэтэджыжынущ.
3 Iущхэр дыгъэ бзийм хуэдэу къызэщIэлыдэнущ,
захуагъэм цIыху куэд хуэзыгъэсахэм
игъащIэ псокIи, вагъуэхэм хуэдэу, нурыр къащ-
хьэщихынущ!

4 Ауэ уэ, Данил, мы псалъэхэр дунейм къытумы-
гъэхьэ, тхылъми мыхъурыр тегъауи, апхуэдэу щрет

иужь зэманхэр къэсыху. Куэдыр абы еджэнурэ[a] щIэ-
ныгъэр бэгъуэнущ».
5 АдэкIэ сыплъэмэ, нэгъуэщIитI къэхутауэ солъагъу,
псым и IуфитIымкIэ зэпэщыту. 6 А тIум языр еупщIащ
чэтэн щыгъынкIэ хуэпауэ псым щхьэщытым: «Дапщэщ
а къэхъуну телъыджэхэр щиухынур?» – жиIэри.
7 Чэтэн щыгъынкIэ хуэпауэ псым щхьэщытым и Iэ
ижьри и Iэ сэмэгури уафэм дриIэтейри, УахътыншэмкIэ
тхьэ иIуащ, мыпхуэдэу жиIэурэ: «Илъэси, илъэситIи,
илъэс ныкъуи дэкIмэщ. Тхьэм и лъэпкъым и къарур
зэхакъутэн щагъэта нэужь, а псори иухынущ».
8 Сэ зэхэсхащ ар, ауэ къызгурыIуакъым. Абы щыгъуэ
«Си зиусхьэн, сыт абы и ужькIэ къэхъунур?» жысIэри,
сеупщIати, 9 абы «КIуэ, Данил! – къызжиIащ. – Ар щэ-
хущ икIи мыхъурыр тегъэуауэ щытынущ иужь зэманхэм
нэсыху. 10 Дыщэр ягъэткIуу зэракIыщтэжым хуэдэу, а
гъэунэхуныгъэхэм куэдыр нэхъ къабзэж ящIынущ, ауэ
бзаджащIэхэм щIэпхъаджагъэу ялэжьыр зэпагъэуну-
къым. МыхъумыщIэ зыщIэхэм ящыщ зыми мы Iуэхухэр
къыгурыIуэнукъым, ауэ Iущхэм зэхащIыкIынущ.
11 Махуэ къэс ящI къурмэныр щагъэту, а щIыпIэм
лъапсэрыхыр къыхуэзыгъэкIуэн гущыкI теплъэ зиIэ ща-
гъэувa нэужь, махуэ минрэ щитIрэ бгъущIрэ дэкIынущ.
12 Гъуэгу махуэ теуващ махуэ минрэ щищрэ щэщIрэ тхур
щиухыным пэплъэу, ар къэсауэ зылъагъунур.
13 Уэ, Данил, уи зекIуэкIэм тет, уи гъуэгуанэр пкIуху.
Уэ узэгъэжынурэ, иужь махуэм укъэтэджыжынущ, уи
Iыхьэр къыпIэрыхьэн щхьэкIэ».

---

[a] 12:4 *Куэдыр абы еджэнурэ* – ЖуртыбзэкIэ тха хьэрфхэм къарыкIыр: «Куэдыр адэкIэ-мыдэкIэ зэхэзежэнурэ». КъикIыр нахуэкъым.

# Руфэ и хъыбар

## Хэзыгъэгъуазэ

*Гузэвэгъуэшхуэ къытепсыхэу, иужьым куэду Тхьэм и нэфI къызыщыхуа, исрэIил лъэпкъым щыщ зы унагъуэ теухуа хъыбарщ мыр, тхыдэм щыщу. Къыщыхъуар ИсрэIилырщ, илъэс минищ хуэдэ и пэкIэ. А зэманым исрэIил лъэпкъым пащтыхь яIэу щытакъым, къэралыр зезыгъакIуэр хеящIэрт. ХеящIэм и къалэныр зэригъэзащIэм къищынэмыщIауэ, гъунэгъу лъэпкъхэр къащытеуэм деж ар дзэ паши хъурт. ЦIыхубэратэкъым хеящIэр тезыгъэувэр, атIэ езы Тхьэм къыхихырт, абы къыхэкIкIэ, хеящIэр къулыкъу лъагэт.*

*ИсрэIил лъэпкъыр Тхьэм къыщыбгъэдэкIа зэмани щыIащ. Къагъэзэжын папщIэ, абыхэм гъэунэхуныгъэ зэмылIэужьыгъуэхэр, насыпыншагъэхэр къахуигъакIуэрт Тхьэм, зауэ, гъаблэ сыт жыпIэми. Руфэ теухуа тхылъыр къыбгурыIуэн папщIэ, абы щыгъуэ зекIуа хабзэхэм, Мусэ бегъымбарым Теурэтым щитхыжахэм уащыгъуазэу щытын хуейщ. Мы тхылъым псом хуэмыдэу гулъытэшхуэ хуещI «щэхужакIуэ» цIыхум иIа къалэнхэм. Пасэм ИсрэIилым щэхужакIуэ щыхъуэжыр Iыхьлы гъунэгъут, Теурэт ХабзэмкIэ къалэн хэхахэр иIэу. ЩэхужакIуэм и Iыхьлым и лъапсэр къищэхужын хуейт, абы ар IэмалыншагъэкIэ ищэн хуей хъумэ, икIи и Iыхьлыр къищэхужын хуейт, ар пщылIыпIэ ихуамэ. И Iыхьлым илъ ищIэжынуи*

*абы къытехуэрт. Бын къыщIэмынэу и Iыхьлыр дунейм ехыжмэ, щэхужакIуэм абы и фыз къыщIэнар щхьэгъусэ ищIын хуейт. Абы щыгъуэ япэу къалъху къуэр дунейм ехыжам и къуэу ябжырт, икIи абы къыщIэна мылъкур, лъапсэр зэрыщыту сабийм къылъысырт. Дунейм ехыжар лъэужьыншэу мыкIуэдыжу къанэрт апхуэдэ щIыкIэкIэ.*

*НэгъуэщI хабзи ущрохьэлIэ Руфэ теухуа тхылъым, тхьэмыщкIэхэмрэ хэхэсхэмрэ къыщхьэщыжу. А хабзэм хуэмыщIахэр хуит ищIырт, гъавэр Iуахыжа нэужь, щхьэмыж кIэрыхуахэр губгъуэм къыщащыпыну. Абы ипкъ иткIэ гъавэр къэзыхыжхэм тхьэмыщкIэхэм папщIэ губгъуэм щхьэмыж къранэн хуейт.*

*Руфэ теухуа тхылъым наIуэ ещI Тхьэм исрэIил лъэпкъым зэрыпсэуну хабзэ яхуигъэуву, Тхьэм щыгугъыу икIи и унафэм щIэту псэухэм Абы и нэфI къащыхуэу зэрыщытар.*

*НэгъуэщI лъэпкъым щыщхэри Тхьэм къыхиха лъэпкъым щыщ зэрыхъуфынум, Тхьэм и жьауэ зэрыщIэувэфынум и щапхъэ наIуэщ Руфэ и хъыбарыр. Абы быдэу ди фIэщ ещI фIэщхъуныгъэ зиIэ дэтхэнэри, зыщыщ лъэпкъым емылъытауэ, Тхьэм къызэрищтэр. Руфэ нэгъуэщI лъэпкъ къыхэкIами, Тхьэм и лъэпкъым щыщ хъуащ. БоIэз дэкIуэри, абы къуэ игъуэтащ. Пащтыхьышхуэ Даут бегъымбарым и адэ Исий Руфэ и къуэрылъхущ.*

### *Елимэлэх и унагъуэр и гъусэу МоIэбей зэрыIэпхъуар*

**1** [1]ХеящIэхэм я зэману ИсрэIилым гъаблэ къыщыщы-
хъуам щыгъуэ Ехьудей хэкум ит Бэтлъэхъем жылэм
щыщ зылI, и щхьэгъусэри и къуитIри щIыгъуу, МоIэбей
къэралым кIуащ, пIалъэкIэ щыпсэуну. [2]А лIым зэреджэр
Елимэлэхт, и щхьэгъусэм – НэIумий, и къуитIым – Мэхъ-
лэнрэ Къилиуэнрэ. Ахэр Бэтлъэхъем жылэм, Ехьудейм
итым, дэс Ефрафэ лъэпкъым щыщт. Арати, ахэр МоIэбей
Iэпхъуауэ щыпсэурт.

[3]Куэд дэмыкIыу, Елимэлэх, НэIумий и лIыр, дунейм
ехыжри, ар и къуитIым къэбгъэдэнащ. [4]Ауэрэ и къуитIым
моIэб лъэпкъым щыщхэу щхьэгъусэ зрагъэгъуэтащ – зым
Iурпэ, адрейм – Руфэ я цIэу. Илъэсипщ I хуэдизкIэ ахэр
а щIыпIэм щыпсэуауэ, [5]Мэхълэни Къилиуэни дунейм
ехыжри, НэIумий и щхьэгъусэри и къуитIри имыIэжу
къэнащ.

### *НэIумий Бэтлъэхъем зэригъэзэжар*

[6]Зиусхьэну[a] Тхьэм и лъэпкъым закъыщIигъакъуэу, гъавэ
бэв къаритауэ МоIэбей щагъэхъыбару зэхихри, НэIумий
и хэкужьым игъэзэжыну зигъэхьэзыращ, и ныситIри и
гъусэу. [7]Ахэр щIыгъуу, щыпсэуа щIыпIэр къигъанэри,
Ехьудей щIыналъэм кIуэжыну гъуэгу теуващ НэIумий.

---

[a] 1:6 *Зиусхьэну* – ЖуртыбзэкIэ «Яхве». А псалъэмкIэ Тхьэм Мусэ бе-гъымбарми журтхэми закъригъэцIыхуауэ щытащ. «Яхве» жиIэмэ, «ЩыIэр», «Псэур» жиIэу аращ. Журтхэр а псалъэм апхуэдизкIэ фIэлIыкIырти, къапсэлъын шынэрт. Абы къыхэкIкIэ, а псалъэм и пIэкIэ журтхэм «Адонай» псалъэр къагъэсэбэп хъуащ. «Си Зи-усхьэн» жиIэу аращ абы къикIыр.

8 Куэд ямыкIуауэ, НэIумий и ныситIым яжриIащ:
«Вгъэзэжи, щхьэж и дыщ фекIуэлIэж. Зиусхьэным гу-
щIэгъу къыфхуищI, си къуэ мыгъуэхэми сэри фыкъыт-
хуэгумащIэу зэрыщытам хуэдэу! 9 ПIэщхьагъ дахэ тIуми
Зиусхьэным фигъэгъуэтыж!» Апхуэдэу жиIэу, НэIумий и
ныситIым IэплIэ, ба щахуищIыжым, ахэр къыщиудри,
захуэмыубыдыжу къэгъащ.
10 «Хьэуэ, дэри уи гъусэу дынэкIуэнущ уи хэкум», —
жаIащ абыхэм.
11 «Хьэуэ, хьэуэ, вгъэзэж, сипхъу цIыкIухэ! — идакъым
НэIумий. — Сыт фэ си гъусэу фынышIэкIуэнур? Сэ
згъуэтыжыфыну фэ щхьэгъусэ фхуэхъун къуэ? 12 Вгъэ-
зэж, сипхъу цIыкIухэ, сэ жьы сыхъуащ, дэнэ сыщыдэ-
кIуэжын? Бын згъуэтыжыну сыгугъэми, ныжэбэ лIы
сригъусэу итIанэ къуэхэр къэслъхуми, 13 ахэр къэхъуху
дауэ фежьэн? Апхуэдиз зэманкIэ фыдэмыкIуэжу дауэ
фыдэсын? Хьэуэ, си тIасэхэ! Фэ фи Iуэхум нэхърэ сэ си
Iуэхур нэхъ хэплъэгъуэщ — сэ Зиусхьэным и ней къыс-
щыхуэри си гъащIэр дыдж ищIащ!»
14 Абдежым абыхэм аргуэру гъын кърагъэжьэжащ. Ара-
ти, Iурпэ и гуащэм IэплIэ, ба хуищIыжри, ежьэжащ, ауэ
Руфэ НэIумий имыутIыпщу зыкIэрикъузэрт.
15 «Мес, уи нысэгъум и лъэпкъым, и тхьэхэм я деж
егъэзэж, уэри абы и гъусэу гъэзэж», — жриIащ НэIу-
мий Руфэ.
16 АрщхьэкIэ Руфэ жиIащ:

«КхъыIэ,
сыхыумыгъэзыхь укъэзгъэнэну,
си щIыбыр ныпхуэзгъэзэну.
Уэ уздэкIуэ сэри сыкIуэнущ,
укъыщыувыIи сыкъыщыувыIэнущ.
Уи лъэпкъри си лъэпкъыу,
уи Тхьэри си Тхьэу щытынущ.
17 Уэ ущылIэ сэри сыщылIэнущ,
абдежи сыщыщIалъхьэжынущ.



Зиусхьэным и ней къысщыхуэ,
си псэр Iуту сэ укъэзгъанэмэ!»

18 И гъусэу кIуэну Руфэ мурад быдэ зэрищIар къыщы-
гурыIуэм, НэIумий ар хигъэзыхьыжакъым.
19 Арати, цIыхубзитIым гъуэгуанэ кIыхьыр зэпачри,
Бэтлъэхъем нэблэгъащ. Ахэр къыщалъэгъуам, жылэ-
дэсхэм абыхэм фIэкIа Iуэху яIэжтэкъым. ЦIыхубзхэм
ягъэщIагъуэрт: «А-на, мор НэIумий?» – жаIэурэ.
20 «АфIэкIа сэр щхьэкIэ НэIумий[a] жывмыIэ, МарэкIэ[b]
фыкъызэджэ, – яжриIащ НэIумий абыхэм. – Ар щIы-
жысIэр Псори ЗылъэкIым си гъащIэр дыдж Iей ищIащи
ращ. 21 Сэ мыбы зыри сыщымыщIэу сыдэкIащ, ар-
щхьэкIэ Зиусхьэным зыри симыIэжу къызигъэгъэзэжащ.
Сыт сэ НэIумийкIэ фыкъыщIызэджэнур? Зиусхьэным

[a] 1:20 «НэIумий» жиIэмэ журтыбзэкIэ «Гурыхь» къикIыу ращ.
[b] 1:20 «Марэ» жиIэмэ журтыбзэкIэ «Дыдж» къикIыу ращ.

хьэзабыр сигъэшэчащ, Псори ЗылъэкIым насыпыншэ
дыдэ сищIащ».
22 Апхуэдэ щIыкIэкIэ НэIумий МоIэбей къикIыжащ, и
нысэр – моIэб лъэпкъым щыщ Руфэ – щIыгъуу. Ахэр Бэт-
лъэхъем къыщысыжам, хьэр къахыжын щIадза къудейт.

### *Руфэ БоIэз зэрыхуэзар*

**2** 1 НэIумий зы благъэ гъунэгъу иIэт, и щхьэгъусэмкIэ
къыгухьэу – Елимэлэх и унэкъуэщ, къулейуэ икIи
пщIэ зыхуащI цIыхуу. Абы зэреджэр БоIэзт.
2 МоIэбей щыщ Руфэ НэIумий махуэ гуэрым жриIащ:
«Хуит сыпщIамэ, губгъуэм сыдэкIынти, гуапэу къызэплъ
зыгуэрым и ужь ситу щхьэмыж кIэрыхуахэр къэсщыпынт».
«КIуэ, сипхъу цIыкIу», – хуигъэдэхащ НэIумий.
3 Губгъуэм дэкIри, абы хьэр къэзыхыжхэм я ужь иту
щыпэн щIидзащ. Ар здэкIуар Елимэлэх и унэкъуэщ БоIэз
и щIапIэу къыщIэкIащ.
4 Езы БоIэзи, Бэтлъэхъем къикIри, абы ирихьэлIэу
и лэжьакIуэхэм къахыхьащ. «Зиусхьэным къывдигъэ-
псынщIэ!» – сэлам ярихащ абыхэм.
«Зиусхьэным и нэфI къыпщыхуэ!» – къратыжащ жэуап.
5 «Хэтхэ ей хъуну мо цIыхубз цIыкIур?» – жиIэри БоIэз
и лэжьакIуэхэм я нэхъыжьым еупщIащ.
6 Абы жэуап къритыжащ: «Ар НэIумий МоIэбей къыщи-
кIыжым и гъусэу къэкIуа моIэб цIыхубзырщ. 7 „КхъыIэ,
хъуну щытмэ, хьэр къэзыхыжхэм я ужь ситу кIэры-
хуа щхьэмыжхэр пхыр зэхуакухэм къыщызгъэщып“
жиIэри къызэлъэIуащ. Нышэдибэ лъандэм, губгъуэм

къызэрыкIуэрэ иджыри къэс, и щхьэр къимыIэтауэ
мэлажьэ, пщыIэ лъабжьэм тIэкIу зэрыщетIысэхар хы-
умыбжэмэ».

8 БоIэз Руфэ бгъэдыхьэри жриIащ: «Мыдэ къызэ-
даIуэт, ди шыпхъу, мыбдеж уIукIыу нэгъуэщI губгъуэ
щыпакIуэ умыкIуэ. Си унэIут цIыхубзхэм я гъусэу
мыбдеж къанэ. 9 Си лIыщIэхэм дэнэ деж щыIуахыжми
уакIэлъыплъурэ, си унэIут цIыхубзхэм якIэлъыкIуэ. Си
лIыщIэхэм уи гугъу къамыщIыну унафэ яхуэсщIащ.
Псы пхуэлIэхуи си унэIутхэм къахь кхъуэщынхэм яры-
тым щыщ ефэ».

10 И щхьэр щIым нэсу, Руфэ БоIэз щхьэщэ хуищIри,
жиIащ: «Сыт апхуэдизу уи нэфI къыщIысщыхуар? Апхуэ-
диз гулъытэ сыт хамэ къэралым щыщым щIыхуэпщIыр?»

11 БоIэз жэуап къритижащ: «Сэ зэхэсхащ, уи щхьэгъусэр
дунейм ехыжа нэужь, уэ уи гуащэм хуэпщIа псор – уи
адэ-анэри уи хэкури къэбгъанэу, умыцIыху лъэпкъым
удэпсэуну укъызэрыкIуар. 12 IуэхуфIу пщIа псори Зиус-
хьэным бэгъуауэ къыпхуищIэж! Зи жьауэм ущIэтыну
укъызыхуэкIуа ИсрэIилым и Тхьэу Зиусхьэным фIыгъуэу
щыIэр къыпхуищIэ!»



13 «ДяпэкIи апхуэдэу фIыуэ Тхьэм укъысхущигъэт, зи
пщIэр лъагэ хъун, – жиIащ абы. – Си гур фIы схуэпщIащ,
сэ – уи пщылIым – дахэ къызжепIащ, уи унэIутхэм я
зым сримыуасэ пэт».
14 Шэджагъуашхэр къыщысым, БоIэз къеджащ абы:
«КъакIуи, къыддедзакъэ. ЩIакхъуэ къащти, серчэм
хэгъапщIэ». Ар къакIуэу лэжьакIуэхэм къащыбгъэ-
дэтIысхьэм, БоIэз абы хьэ гъэлыгъуа къритащ. Абы
зыхуейм хуэдиз ишхри, къыдэхуащ. 15 Ар къэтэджыжу
адэкIэ щыпэну ежьэжа нэужь, БоIэз и лIыщIэхэм уна-
фэ яхуищIащ: «Пхырхэм деж щыщыпэми, абы и гугъу
фымыщI. 16 Фэ езым пхырхэм щыщ щхьэмыжхэр ху-
зэвдзэкIыурэ къыхуэвгъанэ, къищыпын щхьэкIэ, икIи
евмыхъуэныж».
17 Руфэ пщыхьэщхьэ хъуху губгъуэм щыщыпащ.
Къищыпа хьэр иIуэжри, ефэ[a] нэблагъэу къыщIэ-
кIащ. 18 Ар Руфэ жылэм къихьыжа нэужь, и гуа-
щэм илъэгъуащ абы къищыпар зыхуэдизыр. Ру-
фэ щагъэшхам къыдэхуар къызыкъуихри и гуащэм
иритащ.
19 И гуащэр къеупщIащ абы: «Дэнэ нобэ ущыщыпар?
Дэнэ ущылэжьар? Зиусхьэным и нэфI къыщыхуэ уэ гу
къыплъызытам!»
Арати, Руфэ и гуащэм жриIащ щылэжьар хэт дежми.
«Нобэ сэ сыщыщыпа щIапIэр зейм зэреджэр БоIэзщ», –
жиIащ абы.
20 «Зиусхьэным и нэфI къыщыхуэ абы! – жриIащ Нэ-
Iумий и нысэм. – Абы лIахэри псэухэри и гущIэгъум
дыхинакъым». ИкIи дыщIигъужащ: «А лIыр дэ ди бла-
гъэ дыдэщ, зи жьауэ дыщIэзыгъэувэну къызытехуэ ди
щэхужакIуэхэм щыщщ».
21 МоIэбей щыщ Руфэ и псалъэм къыпищащ: «А лIым
сэ иджыри „Си лэжьакIуэхэм яригъусэ, си гъавэр псори
кърахьэлIэжыху“ къызжиIащ».

---

[a] **2:17** *ефэ* – килограмм пщыкIущ хуэдиз мэхъу.

22 НэӀумий и нысэ Руфэ жриӀащ: «Сыту фӀыт, сипхъу
цӀыкӀу, абы и унэӀут цӀыхубзхэм уазэригъусэнур, нэгъу-
эщӀ гуэрым и губгъуэм лей къыщыптехьэнкӀи хъунт».
23 Арати, Руфэ БоӀэз и унэӀут цӀыхубзхэм ягъусэурэ
щыпащ, хьэри гуэдзри къырахьэлӀэжыху. Ар и гуащэм и
гъусэу псэурт.

### *Руфэрэ БоӀэзрэ хьэмым*

3 1 Руфэ и гуащэ НэӀумий къыжриӀащ зэгуэрым: «Уэ
пӀэщхьагъ зэрозгъэгъуэтыжыным сегугъун хуейкъэ,
сипхъу цӀыкӀу, уи насыпыр зэтеувэжын щхьэкӀэ? 2 Зи унэӀ-
ут цӀыхубзхэм уаригъуса а БоӀэз дэ ди Ӏыхьлыкъэ? НтӀэ,
къэдаӀуэ, нышхьэбэ абы хьэмым хьэр щыщӀегъэпщ. 3 Ара-
щи, зыгъэкъабзэ, мэ гуакӀуэ къызыпих дагъэ зыщыхуэ, уи
щыгъын нэхъыфӀхэр зыщытӀагъи, хьэмым кӀуэ. Ауэ абы
зыкъомыгъэлъагъу, ефэн-ешхэн иухыху. 4 Ар щыгъуэлъ-
кӀэ кӀэлъыплъи, здэгъуэлъыр зэгъащӀэ. ИтӀанэ кӀуэи, и
лъапэм деж къэӀэти, гъуэлъ. Абы къыбжиӀэнщ пщӀэнур».
5 «Псори уэ зэрыжыпӀам хуэдэу сщӀэнщ», – жэуап
къритыжащ Руфэ. 6 Ар хьэмым кӀуэри, и гуащэм унафэ
къызэрыхуищӀам тету псори ищӀащ.
7 БоӀэз и ефэн-ешхэныр иухри, гукъыдэжыфӀ иӀэ
хъуауэ, гъавэ самэм и къуагъым щыгъуэлъащ. Ру-
фэ щэхуу къыбгъэдыхьэщ, и лъапэм деж къиӀэтри,
гъуэлъащ.
8 Жэщыбгым БоӀэз къыхэщтыкӀщ, зигъазэри, и лъапэм
деж цӀыхубз щылъу къилъэгъуащ. 9 «Ухэт уэ?» – щӀэуп-
щӀащ ар.



«Сэ сы-Руфэщ, уи унэIутырщ, – жиIащ Руфэ. – Уи щыгъын кIапэр къыстеубгъуэ[a], сыту жыпIэмэ уэ ди щэхужакIуэ Iыхьлы гъунэгъухэм уащыщщ».

10 «Зиусхьэным и нэфIыр къыпщыхуэ, ди шыпхъу, – жиIащ БоIэз. – Мы Iуэхуф I уэ пщIар уи гуащэм иджыри къэс хуэпщIа псом нэхърэ нэхъыфIыжщ, уэ щIалэхэм, къулейуи тхьэмыщкIэуи ирехъуи, къакIэлъыбжыхьакъым.
11 Иджы, ди шыпхъу, умышынэ. Сэ уэ узыщIэлъэIуа псор пхуэсщIэнщ. Ди жылэм дэс псоми ящIэ уэ цIыхубзым пщIэ зэрыпхуэфащэр.
12 Пэжщ, сэ сыщэхужакIуэ гъунэгъущ, ауэ сэр нэхърэ нэхъ гъунэгъужи щыIэщ.
13 Мыбдеж нэху къыщекIи, пщэдджыжь абы укъишэну хуеймэ, хъарзынэщ – апхуэдэу ирехъу. Ауэ ар хуэмеймэ, сэ укъызошэ. Ар пэжщ Зиусхьэныр зэрыщыIэр зэрыпэжым хуэдэу. Мыбдеж щыжей, нэху щыху».
14 Ар абы и лъапэм деж нэху къыщекIащ, ауэ жьы дыдэу къэтэджащ, иджыри зы цIыхур адрейм къимыцIыхуфыну кIыфIу. «Зыми къремыщIэ хьэмым цIыхубз

---

[a] 3:9 *Уи щыгъын кIапэр къыстеубгъуэ* – щхьэгъусэ къыхуэхъуну къызэрелъэIур къызэрыкI псалъэхэщ (журтыбзэкIэ).

къызэрыкIуар», – жиIащ БоIэз. 15 Абы Руфэ жриIащ:
«Мыдэ къащтэт птеубгъуа уи IэлъэщIыр». Руфэ и Iэлъэ-
щIыр зытрихри, къыхуишияпщ, БоIэз абы хьэ пщалъих[a]
трикIутэри, дэIэпыкъуурэ кърригъэщтащ. БоIэз жылэм
игъэзэжащ абы и ужькIэ.
16 Руфэ и гуащэм деж къэкIуэжа нэужь, НэIумий къе-
упщIащ: «Дауэ хъуа, сипхъу цIыкIу?»
Арати, Руфэ абы жриIэжащ БоIэз къыхуищIа псор,
17 икIи къыпищащ: «Абы „Уи гуащэм деж Iэнэщ Iу умы-
гъээзэж“ жиIэри, мы хьэ пщалъихыр къызитащ!»
18 НэIумий жиIащ: «УмыпIащIэ, сипхъу цIыкIу, плъа-
гъункъэ а Iуэхур зэриухынур. А лIым и гур зэгъэнукъым,
нобэ ар зэфIимыгъэкIауэ».

### *БоIэз Руфэ къызэришар*

4 1 Абы хэту, цIыхур щызэхыхьэ хабзэ жылэ дыхьэпIэм
деж кIуэри щытIысащ БоIэз. Арати, зи гугъу ищIа
и унэкъуэщ щэхужакIуэр щыблэкIым: «Къэгъази моуэ
къэтIыс, си къуэш», – жиIэри еджащ. Абы къигъазэри
тIысащ.
2 БоIэз жылэ хасэм щыщу тхьэмадипщI къиишэри, ахэ-
ри игъэтIысащ.
3 Абы и ужькIэ и унэкъуэщ щэхужакIуэм зыхуигъазэ-
ри жриIащ: «НэIумий, МоIэбей къикIыжам, ди къуэш
Елимэлэх къыщIэна и щIапIэр ещэж. 4 Сэ къэслъытащ
уэ абы щыгъуазэ усщIыну си къалэну, икIи мыбдеж щыт

[a] 3:15 *пщалъих* – килограмм щэщI хуэдиз мэхъу.

псори, лъэпкъым ди нэхъыжьыфIхэри ди щыхьэту, ар къэпщэхуну ухуеймэ, бжесIэну. Уэ къэпщэхужмэ, хъарзынэщ, ауэ плъэмыкIынумэ, сщIэн щхьэкIэ, къызжеIэ. Уэр фIэкIа ар къищэхужыну зыри хуиткъым, уэ къыпкIэлъыкIуэр сэращ».

«Сэ къэсщэхужынущ ар», – жиIащ абы.

5 Апхуэдэу щыхъум, БоIэз жиIащ: «НэIумий деж ар
къыщыпщэхуж махуэм щхьэгъусэу къэпшэн хуейщ фызабэ Руфэ, моIэб лъэпкъым щыщыр, Мэхълэн мыгъуэм къыщIэнар. Фэ къуэ вгъуэта нэужь, Мэхълэн мыгъуэм и къуэпсыр абы зэфIигъэувэжын икIи и мылъкури къыхуэнэн щхьэкIэ».

6 Ар унэкъуэщ щэхужакIуэм идакъым: «Абы щыгъуэм
сэ а щIапIэр къысхуэщэхужынукъым, сыхилъэфэнкIэ сошынэри. Уэ езым къэщэхуж, сэ апхуэдэу схуэщIэнукъым», – жиIащ.



[7] (Япэм щыгъуэ ИсрэIилым хабзэ яIащ щIапIэр ща-
щэж-къыщащэхужым деж лъэныкъуитIым языхэзым
и вакъэ лъэныкъуэр зылъихрэ адрейм ириту. Апхуэдэ
щIыкIэкIэ я зэгурыIуэныгъэм къару игъуэтырт.)
[8] Арати, унэкъуэщ щэхужакIуэм, БоIэз «Уэ езым къэ-
щэхуж» жриIэри, и вакъэ лъэныкъуэр лъихащ.
[9] Апхуэдэу щыхъум, БоIэз лъэпкъым и нэхъыжьхэми
цIыхубэми захуигъэзащ: «Нобэ фэ фыщыхьэтщ Елимэ-
лэхи, Къилиуэни, Мэхълэни яйуэ щыта псори НэIумий
деж къызэрыщысщэхужым. [10] КъищынэмыщIауэ, Мэхълэн
къыщIэна фызабэ Руфэ, МоIэбей щыщыр, щхьэгъусэу
къызошэ: дунейм ехыжам и щIэиныр езым и щIэблэм
къылъысыжу, и къуэпсыр лъэпкъым хэмыкIуэдыкIыжын,
и цIэри и Iыхьлыхэм ящымыгъупщэжу, жылэм и тхы-
дэм къыхэнэн щхьэкIэ. А псом фэ нобэ фрищыхьэтщ!»
[11] Лъэпкъым и нэхъыжьхэми абдежым щызэхуэса псо-
ми «дрищыхьэтщ» жаIащ, икIи БоIэз къехъуэхъуащ мы
псалъэхэмкIэ:

«Уи унэ къихьэ цIыхубз цIыкIур
ИсрэIил и унагъуэр зыгъэбэгъуа
Рэхъелрэ ЛеIэрэ[a] хуэдэу,
Зиусхьэным быныфIэ ищI!
Ефрафэ и деж къулей ущыхъуи,
Бэтлъэхъем уи цIэр щрагъэлъапIэ!
[12] А цIыхубз цIыкIумкIэ
уэ къыпщIэхъуэну щIэблэр
Тэмар[b] Ехьудэ къыхуилъхуа Пэрэз[c]
и лъэпкъым хуэдэ Зиусхьэным ищI!»

---

[a] **4:11** Рэхъелрэ ЛеIэрэ Ибрэхьим бегъымбарым и къуэрылъху Екъуб и щхьэгъусэхэу щытащ. Екъуб ИсрэIил цIэр Тхьэм къыфIищащ. Аращ абы къытехъукIыжахэм исрэIил лъэпкъкIэ еджэ щIэхъуар.

[b] **4:12** Тэмар, Руфэ хуэдэу, хамэ лъэпкъщ къызыхэкIар.

[c] **4:12** Пэрэз и адэр Ехьудэщ, Ехьудэ и адэр Екъубщ. Екъуб и къуэхэм Ехьудэ я нэхъыжьу щымыта пэтми, абы и лIакъуэр икъукIэ бэгъуащ и къуэш дэтхэнэми ейм хуэмыдэу.

### *Даут бегъымбарым и лIакъуэр*

13 Апхуэдэ щIыкIэкIэ БоIэз Руфэ къишэри, щхьэгъусэ
хуэхъуащ. БоIэз абы бгъэдыхьэри, Руфэ, Зиусхьэным и
фIыгъэкIэ, уэндэгъу хъури, къуэ игъуэтащ. 14 ЦIыхубзхэм
НэIумий къыжраIэрт:

«Зиусхьэным и шыкурщ!
Нобэ бынншэу укъигъэнакъым,
узыпIыжыну къуэ уигъэгъуэтащ!
Уи щIалэ цIыкIум и цIэр
ИсрэIилым лъапIэ щрехъу!
15 Абы уэ гъащIэр IэфI пщищIыжынущ,
уи жьыщхьэ узыхуей ухуигъэзэнущ!
Ар къэзылъхуар уи нысэ цIыкIуу
фIыщэу укъэзылъагъурщ,
уэркIэ къуибл нэхърэ нэхъыфIырщ!»

16 НэIумий сабий цIыкIур къищтэри, IэплIэкIэ кърихьэ-
кIыу, и куэщIым ису ипIащ. 17 Гъунэгъу фызхэм «НэIумий
къуэ къыхуалъхуащ» жаIэрт. Абы цIэуэ Iубэд фIащащ.
Ар Даут и адэ Исий и адэжырщ.

18 Пэрэз и къуэпсыр мыращ:

Пэрэз и къуэщ Хъэцрэн,
19 Хъэцрэн и къуэщ Рам,
Рам и къуэщ Iэминэдэб,
20 Iэминэдэб и къуэщ Нэхъшун,
Нэхъшун и къуэщ Сэлмэний,
21 Сэлмэний и къуэщ БоIэз,
БоIэз и къуэщ Iубэд,
22 Iубэд и къуэщ Исий,
Исий и къуэщ Даут.


Хы ФIыцIэ
ЛУД
Хы Къарс
Даджлат
Къаргъэмыщ
Нинуй
МЫД
Фэрат
Арыблэ
Ахъмэт
Хы Курыт
Щам
Щэмэрэн
Ерусалим
Бабылей
БАБЫЛЕЙ
Шушан
КЪЭЖЭР
Муниф
ХЬЭРЫП
Къэжэр хыжсьэ
МЫСЫР
Нил
Хы Плъыжь
Бабылей пащтыхьыгъуэ
© UBS, 1999



Хы ФIыцIэ
Хы Къарс
ЛУД
ЕРМЭЛЫ
Нинуй
МЫД
ПАРТЕЙ
Ахъмэт
Хы Курыт
Щам
КЪЭЖЭР
Щэмэрэн
Бабылей
Шушан
Ерусалим
Муниф
Парсэ
МЫСЫР
ХЬЭРЫП
Къэжэр хыжьэ
Табкъалэ
Нил
Хы Плъыжь
Къэжэр пащтыхьыгъуэ
© UBS, 1999